ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№3 (24.753) ● 2025 гъэм щIышылэм (январым) и 14, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэм къызэритамкIэ

АдэкIи ирагъэфIэкIуэнущ

КъБР-м и Iэтащхьэр хуэзащ «Хэкум и ХъумакIуэхэр» къэрал фондым и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Дадэ МуIэед. Ахэр тепсэлъыхьащ Iуэхущlапlэм къалэн нэхъыбэ зэфIигъэкIын папщIэ щIэн хуейхэм.

НЭГЪАБЭ зэфIагъэкIахэм я гугъу щащIым жаIащ къудамэр республикэм къызэрыщызэIуахрэ лъэIу мин 17-м зэрыхэплъар, ахэр дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, узыншагъэр хъумэным ахъшэ, юрист дэIэпыкъуныгъэхэм, санаторэ кIуэным, дзэ Iуэхум и ветерану зэрыщытымкIэ щыхьэт тхылъ къыдэхыным зэрепхар.

Нэгъабэ лъандэрэ IуэхущIапIэм щолажьэ УФ-м Зыхъумэжыныгъэмкlэ и министерствэм и дзэ-социальнэ центрым и къудамэ. Абы къызэрегъэпщ дзэ Iуэху хэхам щыIэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ я зэIузэпэщыныгъэр. Апхуэдэ къудамэхэр къыщызэIуахащ МФЦ-хэми.

Иджыпсту «Хэкум и ХъумакIуэхэр» къэрал фондым мыхьэнэ нэхъыбэ зриткэм ящыщщ къыдэкIуэтей щIэблэр хэкупсэу гъэсэным, абыхэм дзэ Iуэху хэхам хэтахэр ядэлэжьэным.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ фондым и лэжьыгъэр адэкIи иригъэфIэкIуэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

ТекIуэныгъэм и гъуэгухэмкIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм къызэрыIэщIагъэкIыжрэ илъэс 82-рэ зэрырикъуар ягу къыщагъэкIыжа, Курп лъагапIэхэм я фэеплъым деж щекIуэкIа хэкупсэ дауэдапщэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ.

«ТЕКIУЭНЫГЪЭМ и гъуэгухэмкIэ» зэщIэхъееныгъэу республикэм и хэкупсэ щIалэгъуалэм къызэригъэпэща акцэм щыщ зы Iыхьэ хъуащ Курп лъагапIэхэм щекIуэкIари. Абы кърихьэлIащ Правительствэм хэтхэмрэ Тэрч район администрацэм и унафэщIхэмрэ, ветеран, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм щыщхэр, юнармейцхэр, кадетхэр, дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэмрэ хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэхэмрэ, армэм къулыкъу щызыщIэхэр, студентхэр, школакIуэхэр.

Дауэдапщэм хэтхэр екIуэлIащ Курп гъунапкъэм папщIэ зи псэр зыта совет сэлэтхэм я фэеплъым. Абдежым щекIуэкIа пэкIум республикэм и Iэтащхьэр къыщыпсэлъащ. КIуэкIуэ Казбек къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ Курп Iуащхьэхэм папщIэ Дзэ Плъыжьым и сэлэтрэ офицеру цIыху мини 7-м щIигъу зэрыхэкIуэдар.

КIуэкIуэ Казбек жиIащ: «Къэбэрдей-Балъкъэрым хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ ТекIуэныгъэр гъунэгъу хъуным. Абы и къуэрэ ипхъуу цIыху мин 70-м нэс хэтащ Хэку зауэшхуэм, ди жагъуэ зэрыхъущи, мин 40-м къагъэзэжакъым. Дэ дрогушхуэ дяпэ итахэм я лIыгъэм, абыхэм я щIэиныр ди ужь къиувэнухэм ялъэдгъэIэсынуи къыттохуэ».

Тэрч район администрацэм и унафэщIым къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бынхэр ноби и щхьэр къэзыIэтыжа фашизмэм пэщIэту дзэ Iуэху хэхам зэрыхэтыр. «КъэкIуэну зимыIэну дуней тетыкIэщ фашизмэр. Ди къэралыр а икIагъэм аргуэру пэщIэтщ. Дэ дрогушхуэ урысей сэлэтхэм дунейр а мыхъумыщIагъэм къызэрырагъэлым, а къалэн лъапIэр зыхьхэм ди лъахэгъухэри яхэтщ. Ахэр фи дежкIэ щапхъэщ».

Зауэм хэкIуэдахэм папщIэ щыму зы дакъикъэкIэ щыта нэужь, фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьэри, и пащхьэм деж Урысейм и ныпымрэ ТекIуэныгъэм и бэракъым къытращIыкIамрэ щаукъуэдиящ.

IэнатIэм хуэпэжхэр

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Къэбэрдей-Балъкъэрым и Прокуратурэм и лэжьакIуэхэмрэ ветеранхэмрэ я махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ.

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэм къыхигъэщащ къэралым унафэр къызыхуэтыншэу щызекIуэн папщIэ, прокуратурэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Урысейм и тхыдэм урипльэмэ, сыт хуэдэ зэмани къэралми абы щыпсэу цIыхубэми я деж мы къудамэм и мыхьэнэр щынаIуэу къокIуэкI.

Прокурору улэжьэн папщIэ, IэщIагъэм фIыуэ хэпщIыкIыу, захуагъэм урителъхьэу, жэуаплыныгъэ пхэлъу ущытын хуейщ. Хабзэр къызыхуэтыншэу зекIуэн, цIыхум и хьэкъыр Iэрыхьэн, коррупцэмрэ щIэпхъаджагъэмрэ япэщIэтын щхьэкIэ, прокурорхэм пщIэ пылъу я къалэнхэр ягъэзащIэ. Ахэращ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ гъуэгу езымытри, лъэпкъ, къэрал программэхэр гъэзэщIа зэрыхъум кIэлъыплъхэри.

КIуэкIуэ Казбек нобэ прокурор къалэныр езыхьэкIхэм фIыщIэ яхуищIащ я пщэ къыдэхуэр пэжу къазэрыгурыIуэм, къэралым и хуитыныгъэр хъума хъун щхьэкIэ, къагъэлъагъуэ зэфIэкIым папщIэ. ДяпэкIи абы зэрытемыкIынум шэч къызэрытримыхьэр къыхигъэщащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

Узыншагъэрэ гукъыдэжрэ яIэу, ехъулIэныгъэ я куэду лэжьэну ехъуэхъуащ КIуэкIуэ Казбек прокуратурэм и лэжьакIуэхэм.

Мылъку зэрагъэзахуэ

КъБР-м щIы, мылъку зэхущытыкIэхэмкIэ и министр Тэхъу Аслъэн КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ. Ахэр тепсэлъыхьащ министерствэм 2024 гъэм зэфIигъэкIахэмрэ мы илъэсым къыпэщылъхэмрэ.

ТЭХЪУР Iэтащхьэм хутепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым езым и къэрал мылъкур фейдэ пылъу къызэрагъэсэбэпынум, республикэ бюджетым и хэхъуэу министерствэр зыхуитхэм ятеухуауэ яубзыхуа хэкIыпIэхэм.

Апхуэдэ хэхъуэу блэкIа илъэсым къагъэсэбэпащ сом мелуани 136,9-рэ, ар 2023 гъэм елъытауэ проценти 126-кIэ нэхъыбэщ.

Абы къищынэмыщIауэ, республикэм и мылъкуу уней мылъку ящIам къыпэкIуащ сом мелуан 52,4-рэ.

Нэгъабэ лэжьыгъэшхуэ екIуэкIащ къэрал, муниципальнэ мылъкур нэхъыфIу зэгъэзэхуа хъуным теухуауэ, Урысейм и ФАС-м къызэригъэувым тету, ЩIы, мылъку зэхущытыкIэхэмкIэ министерствэм къэрал муниципальнэ IуэхущIапIэхэм я гъэпсыкIэр ихъуэжащ.

КъулыкъущIэхэм унафэ тращIыхьащ нэгъуэщI IуэхущIапIэ щхьэхуэхэм, щIы кIапэхэм ятеухуауэ зэфIэхыпхъэ къалэнхэм.

ЗэфIагъэкIахэр мащIэкъым

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Сыжажэ Хьэсэнрэ я зэIущIэр теухуауэ щытащ блэкIа илъэсым мэкъумэш промышленностым щекIуэкIа лэжьыгъэм къррикIуахэмрэ гъатхасэхэм зэрызыхуагъэхьэзырымрэ.

МИНИСТРЫМ зэрыжиIамкIэ, илъэсыр ехъулIэныгъэхэр яIэу яухащ. Мэкъумэш хозяйствэм сом меларди 110-рэ и уасэ продукцэ къыщрахьэлIащ, ар 2023 гъэм нэхърэ нэхъыбэщ. Гъавэу гуэнхэм иракIутэжащ тонн мелуаным щIигъу, хадэхэкI къэкIыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр хъарзынэу кърахьэлIэжащ. Пхъэщхьэмыщхьэ-мэракIуэ лIэужьыгъуэ зэхуэмыдэу къагъэкIар тонн мелуаным щIегъу, апхуэдэ гъавэ бэв нэхъапэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къехъулIауэ щытакъым.

Апхуэдиз хэхъуэр нэхъыщхьэу зи фIыгъэр мелиорацэм жыджэру зэрызрагъэужьаращ, абы къыхэкIыу а унэтIыныгъэр адэкIэ гулъытэ хэха зыхуащIынухэм ящыщщ. Псы зыщIагъэлъадэ щIыхэм нэгъабэ гектар мини 5-м щIигъу къыхагъэхъуащ.

ЕхъулIэныгъэхэр щаIэщ Iэщ гъэхъунми -шэр, лыр, джэдыкIэр нэхъыбэ хъуащ. ЕрыскъыхэкIхэм елэжь промышленностри хъарзынэу мэлажьэ.

Бжьыхьэсэ лэжьыгъэр и чэзум зэфIэкIащ, гъавэр трасащ гектар мин 65,3-м. МэкъумэшыщIэхэм гъатхасэм зыхуагъэхьэзыр, щIыгъэпшэрхэр къащэху, мэкъумэш техникэхэр зэрагъэпэщыж.

«Къуажэхэм лъэныкъуэ куэдкIэ зегъэужьын» къэрал программэм и фIыгъэкIэ Тырныауз псы къыщIэшыпIэу 4 къыщагъэщIэрэщIэжащ, сабий садыр щызэрагъэпэщыжащ, олимп джэгухэм хэтынухэр щагъасэ спорт школыр, сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я творческэ зыужьыныгъэмкIэ центрыр щызэрагъэпэщыж. Эльбрус жылэм ЩэнхабзэмкIэ унэмрэ спорт комплексымрэ къыщызэIуахыжащ. ЩхьэлыкъуэкIуэ спорткомплексрэ футбол щыджэгун губгъуэрэ щаухуащ, Псыхъурей къуажэм ЩэнхабзэмкIэ унэ щащI. КъищынэмыщIауэ, а программэмкIэ Псыхъурейрэ Къэхъунрэ километри 6,8-рэ зи кIыхьагъ автомобиль гъуэгухэр щызэрагъэпэщыж.

Зыужьыныгъэр зи плъапIэхэр

Псалъэр хуиту къыщыбгъэсэбэп хъу ди зэманым дунейм къыщекIуэкIыу хъуар шэрыуэу къигъэлъэгъуэнырщ журналистым и япэ къалэныр. А IэщIагъэм ирилажьэхэр дыгъуасэ, Урысейм Печатым и махуэм, ягъэлъэпIащ.



НАЛШЫК къалэм дэт ПечатымкIэ унэм КъБР-м Бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм, УФ-мрэ КъБР-мрэ я Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм, республикэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм, Суд приставхэм я федеральнэ IэнатIэм и управленэу КъБР-м щыIэм я щIыхь тхылъхьэр зыхуагъэфэща журналистхэм щратыжащ.

Ди гуапэ зэрыхъунщи, илъэс куэд хъуауэ зэрадэлажьэм къыхэкIыу, КъБР-м и МВД-мрэ Суд приставхэм я федеральнэ IэнатIэм и управленэу КъБР-м щыIэмрэ я фIыщIэ тхылъхэр

ди лэжьэгъу Уэрдокъуэ Женэ къыхуагъэфэщащ, Урысейм и МВД-м и Налшык къалэ къудамэм и фIыщIэ тхылъыр - Фырэ Анфисэ.

Республикэм къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ я лэжьакIуэхэм а махуэ дыдэм яIущIащ КъБР-м бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэрыщIэныгъэхэмкIэ и министр Бозий Аскэр.

Ар псом япэу Урысей печатым и махуэмкIэ къызэхуэсахэм ехъуэхъуащ икIи къыхигъэщащ зэрызэдэлэжьэнум теухуауэ министерствэм мурадышхуэхэр зэриIэр.

- Иджырей зэманым псынщIэу зэрызиужьым, ди гъащIэм Интернетыр къыгуэхыпIэ имыIэу къызэрыхыхьар къэлъытауэ, 2025 гъэм и щIышылэм щегъэжьауэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я Iуэхухэр бжыгъэр связымрэ цIыхубэ зэрыщIэныгъэхэмкIэ министерствэм и нэIэм щIагъэуващ. Абы ипкъ иткIэ, къыдэкIыгъуэхэм я редактор нэхъыщхьэхэм иджыблагъэ даIуущIэри, ди Iуэху бгъэдыхьэкIэм зэрызедгъэужьынум, щыIэну зэхъуэкIыныгъэхэм зэгъусэу дытепсэлъыхьащ. СызэреплъымкIэ, псом нэхъыщхьэу гулъытэ зыхуэтщIын хуейр цIыхубэм хъыбарыщIэхэр псынщIэу, и чэзум яIэрыхьэу тщIынырщ, - жиIащ Бозийм.

Министрыр тепсэлъыхьащ газетхэмрэ журналхэмрэ еджэхэм я бжыгъэм зэрыхагъэхъуэну Iэмалхэм, ныбжь зэхуэмыдэхэм итхэр къызэрызэщIрагъэубыдэнум, поштым зэрыдэлэжьэну щIыкIэм, социальнэ сетхэр тегъэщIапIэ зэрыщIыпхъэм. «Сыщыгъуазэщ мы зэманым къыдэкIыгъуэхэм лъэпощхьэпо гуэрхэр зэраIэм, сыхуейт абыхэмкIэ дызэчэнджэщу, хэкIыпIэхэм зэгъусэу делэжьэну. ЦIыхубэм ди псалъэр ялъэдгъэIэсыну, иджырей зэманым дылъэщIыхьэну дыхуеймэ, Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэхэм дытемыхьэу хъунукъым. Псом хуэмыдэу щIыналъэ прессэм псом япэу хэIущIыIу ищIыпхъэр щIыпIэ хъыбархэрауэ къызолъытэ, - дыщIигъуащ Бозийм.

«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Жыласэ Заурбэч министрым фIыщIэ хуищIащ къазэрыхуеблэгъам папщIэ. Абы тыгъэ хуищIащ газетым и илъэси 100-м и щIыхькIэ къыдагъэкIа тхылъыр.

Дыгъуасэ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и зэIущIи екIуэкIащ. Абы къыщызэщIакъуэжащ IуэхущIапIэм нэгъабэ зэфIигъэкIар, адэкIэ зэлэжьыну я мурадхэри яубзыхуащ. Зэгухьэныгъэм цIыху зыбжанэ хагъэхьащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.
Сурэтхэр
Къарей Элинэ *трихащ.*

«ДыгъафIэ къалэм» и ехъулIэныгъэщIэ

«ДыгъафIэ къалэ» сабий творчествэмкIэ республикэ академием къыфIащащ Федеральнэ инновационнэ утыку (ФИП).

ИДЖЫ ар хэхуащ егъэджэныгъэм и лей программэкIэ щылажьэ IуэхущIапIэу иджырей Iэмалхэм хуагъэкIуэнум. Урысейм щекIуэкIа зэпеуэм къррикIуахэм ипкъ иткIэ, апхуэдэ унафэ ищIащ УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым къритхащ академием и лэжьакIуэхэм зэрехъуэхъур: «Федеральнэ мыхьэнэ зиIэ апхуэдэ цIэ лъапIэ къызэрыфIащамкIэ сынывохъуэхъу. Си фIэщ мэхъу дяпэкIи республикэм къыхуэщхьэпэн ехъулIэныгъэ куэд фызэриIэнур».

Иужьрей илъэс зыбжанэм академием и гъэсэнхэм къахэкIащ урысейпсо олимпиадэхэм щытекIуа цIыхуи 6, япэ увыпIэхэм щыщ къэзыхьа еджакIуи 5, иужьрей зэIущIэм нэса школакIуэ 25-рэ. Апхуэдэуи ныбжьыщIэхэр илъэсищым къриубыдэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щынэхъыфIхэм хабжащ школ олимпиадэм къриIкIуахэмкIэ.

● Зауэм и бынхэр

Ажалым и нэгум щиплъаи къэхъуащ

Дэцырхъуей Мусэрбий ТIэхьир и къуэр къызэрытхэмытыжрэ илъэситIым щIигъуащ. Ар илъэс 42-кIэ IэнатIэ зэхуэмыдэхэм пэрытащ, пенсэм кIуа иужьи щыс иIакъым, жылагъуэ Iуэхухэм жыджэру хэтащ, Нэвэ-Хьэмидей къуажэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIу илъэсипщIым щIигъукIэ щытащ.

НэхъыжьыфIым къиихьауэ, «Адыгэ псалъэ» газетым теддзэну дызыхунэмыса и тхыгъэхэм ящыщщ илъабжьэкIэ къыщытхьри.

ДУНЕИЖЬЫР шэрхъщи мэкIэрахъуэ, цIыхур къытохьэ, къалэн гуэрхэр Алыхьым къыхуиухауэ щегъэзащIэри, токIыж. Хэти лъэужьыфI къегъанэ, Iуэхугъуэ щхьэпэ илэжьауэ, бын игъэсауэ, унэ иухуауэ, жыг игъэкIауэ. Нэгъуэщ IМи лъэужь къегъанэ, ар зыми къыхуэмыщхьэпэнуми, «къалъхуащ, псэуащ, лIэжащ» жыхуаIэм хуэдэу. И насыпщ цIыхум ягу къинэн Iуэхуф I зылэжьам. Апхуэдэм и цIэр щIэх ящыгъупщэркъым.

Дунейм IэщIагъэу тетым щыщу дызыгъашхэ, ди къулеягъэхэм я хэкIыпIэу щыт щIым утелэжьэным пщIэшхуэ пылъщ. МэкъумэшыщIэм и Iэдакъэм къыщIэкIаращ зыщыгугъыр цIыхуу дунейм тетыр, зыIэрымыхьи щыIэкъым. Ар фIы дыдэу зыхащIэ къуажэм къыщалъхуа, щапIа, гъавэхэкI къэлэжьыным пыщIа Iуэхугъуэхэр зи нэIурыту къэтэджа дэтхэнэ зыми. ИкIи абы пыщIа гугъуехь псори илъагъу пэтми, абыхэм щымышынэу, нэхъыжьхэм я гъуэгум ирикIуэну къыхэзыххэр мащIэкъым. Аращ Инарыкъуей жылэ къыщыхъуа ДыщэкI Суфэдин, нэгъуэщI щIыпIэкIэ емыплъэкIыу, механизатор IэщIагъэр тегушхуауэ къыщIыхихар, и гъащIэ псор абы пыщIауэ зэрихьам зы махуи хущIемыгъуэжауэ къыщIрихьэкIар.

Къуажэ школым зэрытхэн, зэреджэн тхылъхэр ямыIэу, хъыдан вакъэкIэ еджапIэм кIуэурэ, гугъу ехьу еханэ классыр къиуха къудейуэ арат ДыщэкIыр абы къыщIэкIыу лэжьыгъэм щыпэрыхьам. Ар IэпыдзлъэпыдзУ, сыт къыжраIэми игъэзащIэу екIуэкIащ, хьэвэ зыщIхэми яхэтащ, пщIакIуэ кIуащ. И адэ Мрыгу и Iэ лъэныкъуэр къыдэбзыртэкъыми, лэжьыгъэ хьэлъэ пэрыувэ хъуртэкъым. Абы къыхэкIыуи, бынунагъуэшхуэм зыщIигъэкъуэн хуейт Суфэдин. И анэ Рэхьмэт бынитхур пIынымрэ унагъуэ Iуэхумрэ къыдэхуэртэкъым. Абы нэмыщI лэжьыгъэ Iыхьэу губгъуэм щиIэри зыми щхьэщихынутэкъым. Армырауэ зыми къыпхуидэнутэкъым а зэманым. И ныкъуэдыкъуагъэм щхьэкIэ къимыгъанэу, Мрыгу гу зэщIэщIа иIыгъыу бригадэм щылэжьащ, илъэс куэдкIэ зэкIэлъыпыту Къущхьэхъу кIуащ, япэщIыкIэ Iэщыхъуэхэм я унафэщIу, иужькIэ фермэм щыкъэрэгъулу.

Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр хэкум къытеуэу Кавказым къэса нэужь, Инарыкъуеи къыдыхьащ. Ахэр хуэпIащIэрт Баку и Iэгъуэблагъэ щIыдагъэкIэ къулейхэр яубыду я къэралым хуагъэлэжьэну. Абыхэм къуажэдэсхэр зэхэзехуэн щащIым, зэрыбын унагъуэр, Суфэдинрэ и шыпхъу цIыкIумрэ яIыгъыу, ХьэпцIей дэс я благъэхэм я деж кIуащ, абдежым фашистхэр къащылъэмыIэсын я гугъэу. Ди зауэлIхэм бийр ирахужьэжа нэужь, я лъапсэм ягъэзэжащ. Къуажэм щыдэсам «фашистхэм» зэтракъутамрэ зэтрагъэсхьамрэ зэрагъэпэщыжри, лажьэу хыхьэжащ. Суфэдин зэрыцIыкIурэ щIэхъуэпсырт тракторым тесыну, хьэблэм дэс механизаторхэм нэхъуеиншэу якIэлъыплъырт, трактор къэувыIамэ, ябгъэдэлъадэрти, ящIэр зригъэлъагъурт. Махуэр зи кIыхьагъым нэгъуэщI Iуэху имыIэу дэнэкIэ трактор щылажьэу илъэгъуами кIэлъыплъыфынут. И ныбжькIэ зэрыщIалэм къыхэкIыу, тракторыр дзыхь къыщыхуамыщIым, IэпыдзлъэпыдзУ колхозым щылажьэурэ зыгуэрхэм зыхурегъасэ. Комбайным зэгуэр щытрагъэтIысхьаи къэхъуащ, механизаторхэр яхуримыкъуу. И мурадыр зригъэхъулIэн папщIэ, Суфэдин сытри ищIэнут. ИкIи колхозым и хьэкъкIэ ирагъэджэну, Осетие Ищхъэрэм щыIэ Виноградн э станицэм дэт училищэм ягъэкIуэну къыщыжраIэм, гуфIэжу арэзы хъуащ. ЕджапIэр къиухри, зэрылэжьа щIагъуи щымыIэу, и армэ кIуэгъуэр къэсри, дзэм къулыкъу щищIэну даш.

Дзэ къулыкъур игъэзащIэу Молдавием зы илъэскIэ щыIауэ, Венгрием зэщIэхъееныгъэ къыщыхъуар зэтрагъэувыIэну ягъэкIуахэм яхэхуэри, псэзэпылъхьэпIэ куэдым хэтащ.

- Ди полкым зы пулемёт диIэу арати, ар сэ къызатауэ сIыгът, - игу къегъэкIыж Суфэдин. - Зэхэуэхэм деж, ар къыщIэпхыу, бгъэуву, шэри иплъхьэу, тебгъапщэу бгъэуэным зэман куэд ихьырти, уэ хьэзыр ухуэхъуху къобгъэрыкIуэр къыпкIэщIэзэрыхьырт. Къэрал ухуэкIэр зэтракъутэну зыкъэзыIэтахэм къыщIагъэзэн щхьэусыгъуэ яIэтэкъым. Дэри захуагъэм дрителъхьэти, абыхэм тепщэныгъэ зэредмытыным яужь дитт, ди къуэш къэралым дыдэIэпыкъуу.

ТIэкIу япэ дищу жытIэнщи, шынэ имыщIэу къалэн къыхуагъэувыр зэригъэзащIэм къыхэкIыу фIыщIэ къыхуащIауэ, сэлэт дамыгъэ лъапIэхэр къыхуагъэфэщауэ, «Отличный пулемётчик» цIэри къыфIащауэ, ДыщэкIым Хэкум къигъэзэжат. Абы къыфIащат зауэм и ветеран цIэри. Куэдрэ Суфэдин игу къигъэкIыжырт Венгрием щыщыIам я командиру щыта, Борыкъуей щыщ щIалэ Джэтауэ Хьэмыщэ. Дзэ училищэр лейтенанту къиухауэ ягъэкIуат ар а щIыпIэми, «узыхуей сэлэтхэр гъусэ щIыи, батальон къызэгъэпэщ» щыжраIэм, нэхъ укъэзыгъэпэжынур уи хэкуэгъухэр аракъэ, жиIэри гупыр къыхихат. Абыхэм яхэхуат зэгъусэу мы районым икIахэу отделенэм и командир Щомахуэ Хьэмзэтхъан, Лыкъуэжь Мылыхъуэ, Чэрим Iэмырбий, Ныбэжь Сэрэбий, Ныбэжь Мышэ, Дзэгъащтэ Володя сымэ. Ахэр щхьэ пщтырагъкIэ мыхъуу, Iуэхум егупсысауэ, къэмылэнджэжу зэуапIэм пэрытыну иущийхэрт Джэтауэм, гушхуэныгъэ яхилъхьэрт сытым дежи.

- Дэр нэхърэ куэдкIэ мынэхъыжьми, дыкъэкIуэжыху адэм хуэдэу къытхущытащ, - жеIэ Суфэдин. - СыкъэкIуэжа нэужьи абы и сэбэп къызэкIащ. Дзэ комиссару ди районым къагъэкIуэжауэ дыщызэрихьэлIэжым, си гъусэу Венгрием щыIахэм а зэманым дэфтэрхэр къратат, зауэм и ветерану зэрабжым теухуауэ льготэхэр хуагъэуват. Сэ абыхэм сахэхуатэкъым, ар зи зэраныр хэтми сымыщIэу. Хьэмыщэ ар къыщищIэм, етIысэх иIакъым си дэфтэрхэр зэхуихьэсу, сэри а гупым сыхагъэхьэжыху. Армэм дыщыщыIэм, отпуск я къуажэ къэкIуэжамэ, Iэмал имыIэу ди деж дыхьэрти, ди адэ-анэм ябгъэдэст, си хъыбар яхуиIуатэу, «фымыгузавэ, узыншэу къыфхуэкIуэжынущ, сэ абыкIэ фыкъызогъэгугъэ» жиIэу, ягу фIы яхуищIу.

Къулыкъур ирихьэкIыу, Суфэдин къуажэм къыщигъэзэжам, лIыпIэ иувауэ сыт хуэдэ лэжьыгъэми пэлъэщыну ибжырти, «Беларусь» тракторым трагъэтIысхьэн щхьэкIэ колхоз унафэщIым щелъэIум къагъэщIэхъуати, «Мало-Къэбэрдей» совхозым къэIэпхъуащ, бынунэ хъуауэ, и щхьэгъусэ Лидэрэ езымрэ щIалитI яIэу. Совхозым и унафэщI Мэремкъулри абдеж ягъэувагъащIэти, IэщIагъэлIхэр, лэжьакIуэфIхэр дэнэкIи къыщилъыхъуэурэ совхозым кърищалIэрт. Щхьэх зымыщIэ дэтхэнэ цIыхури фIыуэ илъагъурт, игъэлъапIэрт, сыткIи игъэпажэрт, я унагъуэхэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъурт, къыщелъэIукIи игъэщIэхъуртэкъым. Апхуэдэу ар зыхущыт дэтхэнэми лэжьыгъэм зыщIригъэхынутэкъым, къыхуащI и унафэт. Абы къыхэкIыу Суфэдин пщIэ къыхуащIырт, къуажэ, район советхэм депутату хахыу, коммунист партым жыджэру хэту екIуэкIырт.

Суфэдин механизатор IэкIуэлъакIуэу зэрыщытыр куэд мыщIэу наIуэ къэхъуащ. Щад Мусэ, Къуэжей Iэуес, Щомахуэ Iэниуар сымэ нэхъ лэжьакIуэжьу совхозым иIэти, бригадир Кулаков Степан я унафэщIу нартыхугъэкI звено къызэрагъэпэщат. КъэкIыгъэр щытрасэм щIыгъэпшэр халъхьэрт, удзыжьхэр къимыгъэхъейуэ, культиваци зэи-тIэуи ящIырт, ар зыгъэкIуэд гебрицидхэри халъхьэу. Совхозым псы зыщIагъэлъадэ хьэсэ зэрамыIэм къыхэкIыу, бэвагъ ин къебгъэтыну ухуеймэ, дэтхэнэ зы технологиери и зэманым нэгъэсауэ къэгъэсэбэпын хуейт, ар зэи узытеплъэкъукI мыхъун Iуэхут.

Суфэдин шхэнри зыгъэпсэхунри къыфIэмыIуэхужу ерыщу лажьэрт, махуэм жэщри къыщыдэкIуэ къыхэкIыу. Ауэ щыгуфIыкIыжхэрт, я хьэсэм зы гектарым ику иту нартыху гъэлъэлъа центнер 45 - 50-м нэблагъэ къытрахыу гъэр щаухым. Совхозым и нартыхур кърахьэлIэжа нэужь, районым, уеблэмэ республикэм и адрей хозяйствэхэми ядэIэпыкъурт. Ар нэхъыбэу къыщыхъур, гъавэ егугъуу къагъэкIар кIэрыхуншэу зэман кIэщIым кърахьэлIэжын папщIэ, дунейр щыуэфIыр къыщагъэсэбэпырт. Механизаторхэм я кум зэхьэзэхуэшхуэ дэлът, дэтхэнэри бжьыпэр зэриубыдыным хущIэкъурти, а зэпеуэхэм Суфэдин и «пхъэр» нэхъыбэрэ къыщикIырт, емызэшыжу, зэфIэкIыу иIэр ирихьэлIэу зэрылажьэм къыхэкIыу. Зы гъэ къэмынэу нартыху бэгъуа къызэрырихьэлIэжым къыхэкIыу, дамыгъэ лъапIэхэр, щIыхь тхылъхэр кърататырт, «Ударник пятилетки», «Зэхьэзэхуэм щытекIуа», «Коммунист гуащIэдэкIым и ударник» дамыгъэхэри иIэт. Ахъшэ саугъэту къратри бжыгъэншэт. Абы иIэщ «Участник войны» дамыгъэр, «65 лет Победы», «100 лет Красной Армии», «70 лет Вооружённым Силам СССР», «Зауэм и бынхэр» медалхэр, «100 лет Ленинскому комсомолу» орденыр, ВДНХ-м и жэз медалыр. Зы гъи къэмынэу Урысей Федерацэм и Президентым и хъуэхъу тхылърэ ахъшэ сом минипщIрэ къыхуахь, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм пащIри.

ЦIыхур сытым дежи нэхъ щытыншщ, зыхуей нэхъ щыхуэзэм макIуэ, и бынхэми лэжьапIэ нэхъ къыщагъуэтынкIэ гугъэу. Суфэдин и унагъуэр Тэрч къалэм Iэпхъуэну къыщытехьэм, я унэ ящам къыщIэкIа ахъшэмкIэ абы псэупIэ къыщыпхуэщэхунутэкъыми, къалэм пэгъунэгъущ жиIэри Инарыкъуей ЦIыкIу Iэпхъуащ. Лажьэу есар, гуащIэдэкIым щIапIыкIар лэжьыгъэншэу пхущысынутэкъым. Мы къуажэми механизатор Iэзэр, лэжьакIуэ емызэшыжыр тыншу щахэзэгъащ зыхыхьа гупым. Модрейхэми щIэх дыдэ къагурыIуащ Суфэдин игурэ и псэрэ етауэ сыт щыгъуи лэжьыгъэм зэрыпэрытыр, зыщIегъэхрэ лэжьыгъэм зыпыIудзрэ абы зэрыхэмылъыр.

Ар куэдым ныбжьэгъуфIи дэIэпыкъуэгъуи яхуэхъуащ. Колхоз председателу щыта Пыжьынэ Зулымбий и щытхъу куэдрэ къылъысащ, звеноводу илъэс 11-кIэ лэжьати, зэпымыууэ пашэхэм яхэтащ, бжьыпэр щиубыди куэдрэ къэхъуащ, пенсэм кIуэуэ тIысыжыху. ТIысыжа нэужьи, япэхэми хуэдэу, къуажэ школым ирагъэблагъэрэ екIуэкI зэIущIэхэм къыщыпсалъэу, и чэнджэщ, и ущие еджакIуэхэм ярихьэлIэу нобэми къогъуэгурыкIуэ. ЩIэблэ къэхъур хэкупсэ нэсу гъэсэнымкIэ къуажэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм щIэгъэкъуэнышхуэ яхуохъу. Дэтхэнэми гуапэу хущытщ, дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэхэм защIигъакъуэу. Къуажэ ветеран зэгухьэныгъэм жыджэру холэжьыхь, нэхъыжьыфIхэм я пашэщ. Благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ я псэукIэм фIыуэ щыгъуазэу, я гуфIэгъуи, я гуауи ядигуэшу яхэтщ. И щхьэгъусэ Лидэрэ езымрэ щIалитхурэ зы хъыджэбзрэ къагъэхъуащ, гъуэгуанэ тэмэм гъащIэм щытрагъэуващ.

Зыгъэхьэзырар
КЪАНКЪУЛ Зазийщ.

IэщIагъэмрэ дахагъэмрэ

IэщIагъэ зиIэм пщIэ хуащIу, и IэдакъэщIэкIхэр къалъыхъуэу игъащIэми къогъуэгурыкIуэ. ЦIыху IэпщIэлъапщIэхэм я цIэр зэIэпахырт, щIыпIэ жыжьэхэм къикIыурэ абыхэм къакIэлъыкIуэрт, щIэныгъэ къыбгъэдахырт. Куэдрэ къэхъурт апхуэдэ цIыху IэпэIэсэхэм быныр гъэсэну къыщыхуагъанэ. ИпэжыпIэкIэ къапщтэмэ, а щытыкIэм нобэрей гъащIэм зэрызыщихъуэжа щыIэкъым: дапщэщи хуэдэу, Iэм къыпыкIым пщIэ иIэщ, сыт хуэдиз дахагъ хэлъу техникэ IэмэпсымэкIэ хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр къагъэщIами, IэрыкIым и лъапIэныгъэм лъэщIыхьэркъым. Ар зэрыпэжыр наIуэ ещI КъБР-м IэрыкI зэгъэпэщапхэмрэ лъэпкъ IэщIагъэхэмкIэ и центрым щекIуэкI лэжьыгъэшхуэм.

ЦЕНТРЫР къыщызэIуаха 2001 гъэ лъандэрэ зэи цIыхуншэу хъуакъым. Къалэдэсхэм я мызакъуэу, абы къокIуалIэ ди хэгъэгум и щIыпIэ пхыдзахэм щыпсэу щIалэгъуалэри. Мыбдеж щекIуэкI лэжьыгъэр Iэм ищIэм нэр кIэлъыплъу ныбжьыщIэм есэныгъэ бгъэдэлъхьэным и закъуэкъым зытещIыхьар. Дэтхэнэ IэщIагъэми гъуэгу кIыхь къызэрызэпичар, къэзыгъэщIа лъэпкъым и джакIуэу зэрыщытыр, и тхыдэм щыщ Iуэхугъуэ куэд къызэрытещыр ныбжьыщIэхэм гурагъаIуэ, мастер-класс зэмылIэужьыгъуэхэр ирагъэлъагъу. «Сыт хуэдэ IэщIагъэми лъэпкъым и хуэмэбжьымэ трихьащи, абы и цIэм гуэпх хъуркъым, арыншэу а IэщIагъэр уи нэгу къыпхущIэгъэувэнукъым, эстетикэ гузэхэщIи къыуитыфынукъым. IэщIагъэм лъэпкъыцIэ зиIэ нэпкъыжьэ телъщ, абы хуэсакъын, ар Iэмалыншэу зыхэщIэн хуейщ. Ди гъэсэнхэр а гупсысэм зэпымычу щIыдогъэдэу, си гугъэмкIи къыдохъулIэ», - жеIэ центрым и унафэщI Урыс Аслъэн.

IуэхущIапIэм и къалэн нэхъыщхьэхэм хохьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу щIыдэлъху лъэпкъитIым - адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ - я щэнхабзэ къэгъэщIыгъэхэр хъумэныр икIи зегъэужьыныр. А къалэныр зэрызрагъэхъулIэ Iэмалхэм ящыщщ мастер-классхэр. IэщIагъэхэм ящыщу щIэупщIэ яIэщ хэдыкIым, дыщэидэм, фащэ дыным, вакъэ щIыным, ятIэ гъэжьэным, кхъуэщынгъэкIыргъым (гончарное дело), арджэн зэхэлъхьэным, нэгъуэщIхэми. ДяпэкIэ фэм, пхъэм, гъущIым щелэжь лъэщапIэхэр хьэзыр хъунущ, цыр щызэIуащэ IэнатIэ щхьэхуи къызэIуахынущ. ДыщэкI IэщIагъэм щыхуагъасэуи хуежьэну я гугъэщ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, языхэзри хуэчэму адыгэ щэнхабзэр нэсу уи нэгу къыпхущIэгъэувэнукъым, адыгэ гупсысэкIэм и купщIэр курых зэрахуэхъуар къэплъытэмэ, ахэр зыхэмыт лъэпкъ псэкупсэ къэгъэщIыгъэхэми фIыуэ щыщIэнущ. Мис а Iуэхур къызыхуэтыншэу зэгъэпэща хъуныр мастер-классхэм я къалэн мэхъу.

Мис апхуэдэ зэIущIэ дахэ иджыблагъэ щекIуэкIащ центрым. Ар къызэзыгъэпэщари езыгъэкIуэкIари Кавказ Ищхъэрэм фIыуэ къыщацIыху кхъуэщынысщI цIэрыIуэ, лъэпкъ IэщIагъэхэмкIэ сурэтыщI Калышкин Сергейщ. Езыр Псыхуабэ щыщщ, «Леонардо» зи фIэщыгъэ лъэщапIэм и унафэщIщ. Ар хуабжьу дехьэх Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я IэщIагъэхэм. Сурэт щIынымрэ графикэмрэ къадэкIуэу, абы хузэфIэкI къимыгъанэу кхъуэщыныщI гъуазджэм и щэхухэр къетIэщI, къыщIигъэща щIэщыгъуэхэр щIэблэми зэрабгъэдилъхьэным иужь итщ. Кавказ Ищхъэрэм хыхьэ щIыналъэхэм кIуэурэ мастер-классхэр щегъэлъагъуэ, гукъыдэж зиIэ дэтхэнэми и гуапэу долажьэ. Ар мызэ-мытIэу утыкушхуэхэм ихьащ, и IэдакъэщIэкIхэр щигъэлъагъуэу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыкIуэми, лъэпкъхэми яхуищI пщIэр и мастерклассми къыщыхигъэщащ. КхъуэщынгъэкIыргъым епха Iуэхугъуэхэр адыгэхэм тIэкIу яIэщIэужьыха хъуами, абы зыужьыныгъэшхуэ зэриIар къыхощ «Нартхэр» адыгэ лIыхъужь эпосым, бзэм, лъэпкъ щэнхабзэм. «Зы фалъэрэ зы кхъуэщынкIэ уи нэгу къыпхущIэгъэувэнукъым IэщIагъэм хэлъ дахагъыр. Япэрауэ, ятIагъуэм къыхащIыкI дэтхэнэ зы Iэмэпсымэми лъэпкъ гъащIэм щагъуэт увыIэпIэр зыхуэдэр, абы зэрыхуэныкъуэр, унэлъащIэр гъэдэхэным хуэунэтIауэ халъхьэ эстетикэр зэгъэуIун хуейщ. Пасэрей кхъэлъахэхэмрэ IуащхьэжьхэмрэкъыщIахыж IэщIагъэжьхэм къагъэлъагъуэ лъэпкъым и дуней лъагъукIэ телъыджэр сурэт ищIыфу, абы хилъхьэ тхыпхъэщIыпхъэхэмкIэ цIыхум епсэлъэфу зэрыщытар. Адыгэ кхъуэщыныщI гъуазджэм и щэхухэр къэптIэщIынумэ, ятIагъуэр зэрызыхащIа щIыкIэм къыщегъэжьэн хуейщ. Псом япэрауэ, адрей лъэпкъхэм къащхьэщыкIыу, ар лъакъуэкIэ зэхащIэу щытакъым... ГурыIуэгъуэкъэ жысIэну сызыхуейр?! Уэсым уэс IэшкIэ къызэрыхащIыкIыу щытам хуэдэ дыдэу, ятIагъуэми ятIагъуэ IэшкIэ къыхахыурэ зэIапщэу щытащ» - пыгуфIыкIыурэ топсэлъыхь IэщIагъэлIыр зыпэрыт Iуэхум.

Калышкин Сергей щIалэщ, ауэ, гупсэхугъуэ къызэрыритыр зыхэпщIэу, и IэнатIэм пэрытщ икIи топсэлъыхьри, узыхуийщийр къыумыщтэнкIэ Iэмал имыIэу щытыкIэ урегъэувэ. Аращ хъури - къедаIуэхэр теумэзэхауэ зыщхьэщыс ятIагъуэ тхьэвыр къепсалъэм ещхьщ, къыщрагъэжьэнур къыжраIэ хуэдэу. «Япэ дерсыр машинэ зехуэкIэ зымыщIэ, гъуэгу шынагъуэншагъэм епха хабзэхэм нэсу щымыгъуазэ щIалэщIэм ещхьщ. Ауэ мы Iуэхум фэбжь зыри хэлъкъыми, фигури фи псэри къефшалIэ, псори къызэрывэхъулIэнум шэч къытевмыхьэ», - ядогушыIэ IэщIагъэлIыр ныбжьыщIэхэм. ИкIи нэрымылъагъу къару гуэрым пэшым зыщIеубыдэри, пIалъэ кIэщIым кърию быдэу Iэм ищI телъыджэхэм теплъэ ягъуэту, пкъы къащIэувэу хуожьэ. Нэхъыжьхэм цIыхумрэ ятIэмрэ зы бзэкIэ псалъэу жыхуаIэр мы сыхьэтым апхуэдизкIэ хьэкъ къыпщохъури, умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым: а зэпыщIэныгъэр хыболъагъуэ зым адрейр ихъумэну, ерыскъырэ псэуалъэкIэ и тыншыгъуэр къызэригъэпэщыну зэрыхущIэкъум, щIым и гуащIэр унагъуэм фащэу щитIэгъэну зэрыпылъым, а тIум я зэхуаку дэлъ нэрымылъагъу къуэпсхэр быдэу зэрипхыну иужь зэритым. Арыххэуи, IэшкIэр упIэщIыгъэ мэхъу, упIэщIыгъэм курызэу зыкъызэредзэкI, курызэм зегъэджэрэзыжри, Iэбжьыкъу тIатIэ мэхъуж, абы кумбыгъэ зэригъэуту, пкъы гуэрым зыкъызэриIэтыр плъагъуу телъыджэ гуэрым узыIэпишэу щIедзэ.

Псалъэмрэ Iуэхумрэ зэхэухуэнауэ зэрыкIуэм и фIагъышхуэ къызэрыкIуэм шэч хэлъкъым. ЛъэныкъуитIри зыдихьэха лэжьыгъэм есэныгъэ пыухыкIахэр къадокIуэ, щIэныгъэ теубыдахэр къапкърокI, абы гуетыныгъэ щхьэхуэри къегъэщI. ЩIалэщIэм ныбжьыщIэхэр зыщIигъэдэIум къару зэриIэр хыболъагъуэ языхэзри абы темыплъэкъуэкIыу зэредаIуэм, зэрыкIэлъыплъым. «КхъуэщынгъэкIыргъым илъэс 11 хъуащ сызэрыдихьэхрэ. Абы къыдэкIуэуи пхъэм, гъущIым, бжьакъуэм солэжь, Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэр къызэрыхэсщIыкIынуми иужь ситщ. Апхуэдизкiэ удехьэхри, дунейм къыщекIуэкIри щIэкIуэсыкIыу икI далэри зыхэпщIэжыркъым. ЩхьэкуцIым хуабжьу зрегъэужь икIи зрегъэгъэпсэху. Ди япэ итахэм къащIэна хъугъуэфIыгъуэхэм фIым ухуэзымыгъэушрэ Iэпкълъэпкъым и щхьэпэ къызыхэмыкIрэ куэд яхэткъым. Сэ сыщогуфIыкI ди щIэблэр абы есшэлIэну, а щэнхабзэ къэгъэщIыгъэ телъыджэхэр езгъэцIыхуну Iэмал сызэриIэм. Къысщохъу IэщIагъэмкIэ КъэгъэщIакIуэмрэ къэгъэщIыгъэмрэ зэпытщIэу, абы я зэхуаку ит цIыхур лъэмыжу, ар къэгъэнауэ дахэгъэIуу щыту», - жеIэ Калышкиным.

Лъэпкъ щэнхабзэ къэгъэщIыгъэхэр хъумэным центрыр хьэлэлу зэрыпэрытым и щыхьэтыгъэ Iэджэ щыIэщ. Ауэ, гуапэращи, а Iуэхум къешэлIа хъур ди лъэпкъэгъухэм я закъуэкъым, атIэ гъунэгъу лъэпкъхэм ящыщхэри дихьэхыу, утыкушхуэ ирахьэрэ и хъыбарыр жыжьэ ягъэIуу зэрыщытым узэщIеIэтэ. Калышкин Сергей и лэжьыгъэ нэхъыщхьэр зыхилъагъуэр щIэблэр дахагъэм хуэузэщIыныр арами, абы гуащIэфI хелъхьэ а щIэблэр зыщыщ лъэпкъми и щIэжыр къэIэтыным, и зэхэщIыкIым хэгъэхъуэным.

Зи гугъу тщIа мастерклассхэм хуэдэхэр бэрэжьей къэс къызэрагъэпэщри, абы хэплъэну, кхъуэщын щIын IэщIагъэм зыхуезыгъэсэну хуейхэм щхьэкIэ къызэгъэпэщакIуэхэм я телефоныр газетым и щIэджыкIакIуэхэм къахудогъанэ: +79289127715.

ШУРДЫМ Динэ.

ЩIыхь зиIэ донорхэр ягъэлъапIэ

Налшык къалэ лъы щыхаш республикэ станцым щагъэлъэпIащ Урысейм щIыхь зиIэ и донорхэр. Абыхэм ящыщщ Урысейм и суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм и Налшык къалэ къудамэм и суд пристав, къэрал кIуэцI къулыкъум и лейтенант нэхъыщIэ Ефэнды Альберт Аслъэн и къуэр.

А ДАМЫГЪЭР Урысей Федерацэм и Правительствэм игъэуващ, къэралым лъы щызытхэм фIыщIэ зэрыхуащIыр къыхагъэщын папщIэ.

Суд пристав куэдым хабзэ яхуэхъуащ лъы тыныр. Аращи, донор зэщIэхъееныгъэм нэхъри зеубгъу. КъБР-м щыIэ УФССП-м щIыхь зиIэ донору щы иIэщ.

Ефэнды Альберт лъы тын щIидзащ 2005 гъэм. Абы лъандэрэ 50-м щIигъурэ а къалэныр игъэзэщIащ. Абы лъы зыхригъэш къудейкъым, лъым и пкъыгъуэхэм ящыщщ тромбоцитхэр, плазмэр, ику иту зэуэ грамм 400 ет.

Лъы щыхаш республикэ станцым абы зыщыхуигъазэ щыIэщ операцэ щекIуэкIкIэ псынщIэу дэIэпыкъуэгъу зэрыхуейм къыхэкIыу.

- Япэу лъы стын хуей хъуащ си цIыхугъэхэр Iэмал имыIэу абы зэрыхуэныкъуэм къыхэкIыу. АдэкIэ къызгурыIуащ ар мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхуу зэрыщытыр икIи сэ езыр лъы хэшыпIэм сыкъэкIуащ. Сыздынэсам сыкъыщыувыIэнукъым, адэкIи къыпысщэнущ. Къызолъытэ ар си къалэну, - жеIэ Ефэндым.

Альберт и лэжьэгъухэр йохъуэхъу гулъытэ къызэрыхуащIамкIэ, къарурэ узыншагъэрэ илъэс куэдкIэ иIэну я гуапэщ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

Сом мелуаниблым нэблагъэ зратынухэр

Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил иджыблагъэ Iэ тридзащ мэкъумэш IэнатIэм щылэжьэну мурад зыщIауэ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм, ветеранхэм, дзэм къулыкъу щызыщIэу тIысыжахэм къэрал гранту сом мелуаниблым нэблагъэ зэрыратынум теухуа унафэм.

КЪРАХЬЭЖЬА программэм ипкъ иткIэ, 2025 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ зауэлIхэм, дзэ Iуэху хахэм хэтахэм, Iэмал яIэнущ «Агромотиватор» грантыр къыIахыну, мэкъумэш хозяйствэм пыщIауэ лажьэ хьэрычэт IэнатIэ мыинхэмрэ курытхэмрэ, уней IуэхущIапIэхэр къызэIуахын папщIэ.

Псалъэм къыдэкIуэу, Iэщышхуэ зыгъэшхэнухэм, зыгъэхъунухэм, лырэ гъэшхэкIрэ къэлэжьыным еувэлIэнухэм иратыну грантым и куэдагъыр сом мелуани 7-м нэблэгъэнущ, мэкъумэш хозяйствэм и нэгъуэщI унэтIыныгъэхэм пэрыхьэну зи мурадхэм - сом мелуани 5-м нэблагъэ.

Программэм и къалэн нэхъыщхьэу щытыр дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ ветеранхэмрэ мамыр гъащIэм къыхэшэжыныр щ, лъэ быдэкIэ гъэувыныр щ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Дунейм щыхъыбархэр

Гулъытэм хохъуэ

Дзэ Iуэху хэхам хэтхэм чэзууншэу фIагъышхуэ зиIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр хуащIэнущ, апхуэдэуи зауэлIхэр зыхуэныкъуэ реабилитацэр пIалъэ къыхамыгъэкIыу ягъуэтынущ.

«МЕДИЦИНЭ IуэхущIапIэхэмрэ «Хэкум и хъумакIуэ» къэрал фондымрэ я зэдэлэжьэныгъэр щIагъэхуэбжьэнущ. Абы ипкъ иткIэ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм ягъуэт гулъытэм хэхъуэнущ, я Iуэхухэри нэхъ псынщIэу зэфIэха хъунущ», - жиIащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Голиковэ Татьянэ.

2025 гъэм щегъэжьауэ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэж хъунущ Урысейм и Социальнэ фондым и центрхэу къэралым и щIыналъэ зэхуэмыдэхэм щыIэхэм. Нэхъапэхэм а центрхэм ягъакIуэр лэжьыгъэм фэбжь хэзыха цIыхухэрт. ЗауэлIхэм я узыншагъэр ирагъэфIэкIуэжынымкIэ хуащIэну Iуэхутхьэбзэхэм я жыпхъэр УФ-м и Правительствэм иубзыхуащ. Апхуэдэу дзэ Iуэху хэхам хэтхэр реабилитацэ центрхэм зэрыкIуэну гъуэгупщIэхэмкIи къызэрагъэпэщынущ.

Зэдэлэжьэныгъэр йофIакIуэ

Урысеймрэ Китаймрэ сату Iуэхухэмкiэ жыджэру зэдолажьэ. 2024 гъэм къэралитIым зэрагъэкIуэкIа хьэпшыпхэм къапэкIуа мылъкур нэгъабэ елъытауэ процент 1,9-кIэ хэхъуащ, ар доллар мелард 245-м нэблэгъащ.

КИТАЙ ЦIыхубэ Республикэм и таможнэ IэнатIэ нэхъыщхьэм къызэритымкIэ, блэкIа илъэсым а къэралым къикIыу Урысейм доллар меларди 115,499-рэ и уасэ хьэпшып кърашащ, ар 2023 гъэм елъытауэ проценти 4-кIэ нэхъыбэщ. Урысей хьэпшыпу Китайм яшащ доллар меларди 129,32-рэ и уасэ, абы и лъэныкъуэкIэ 2023 гъэм щыIа бжыгъэм зихъуэжакъым.

2023 гъэм Китаймрэ Урысеймрэ зэрагъэкIуэкIа хьэпшыпхэм къапэкIуа мылъкур процент 26,3-кIэ хэхъуащ. Ар къэралитIым я зэдэлэжьэныгъэм и ехъулIэныгъэ лъагэт - а Iуэхум къыпэкIуащ доллар мелард 240,11-рэ. Урысеймрэ Китаймрэ я лIыщхьэхэм нэхъапэкIэ къалэн зыщащIауэ щытат сату зэдэщIыным къыпэкIуэ мылъкур 2018 гъэм ирихьэлIэу доллар меларди 100-м, 2024 гъэм доллар мелард 200-м нагъэсыну. НаIуэ зэрыхъуащи, жыхуаIа пIалъэм нэмысу, 2023 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм я мурадыр зрагъэхъулIащ.

ЩIышылэм и 14, гъубж

♦ **Махуэгъэпсыжьымкlэ ИлъэсыщIэм и япэ махуэщ**

♦**1921 гъэм Налшык къыщызэIуахащ къэрал библиотекэ.**

♦**1580 гъэм** къалъхуащ адыгэпщ, Урысейм и къэрал лэжьакIуэ, дзэ къулыкъущIэ **Черкасский Дмитрий (Къанщауэ).**

♦**1890 гъэм** къалъхуащ адыгэ тхакIуэ **ЩакIуэ ТалъостэН.**

♦**1936 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Шэвлокъуэ Валентин.**

♦**1941 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, уэрэджыIакIуэ **Уэтэр Анатолэ.**

♦**1958 гъэм** къалъхуащ педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Емуз Нинэ.**

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.rui сайтым зэритымкIэ, республикэм къешх-къесу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 2, жэщым щIыIэр зы градус щыхъунущ.

ЩIышылэм и 15, *бэрэжьей*

♦**Урысей Федерацэм СледствиемкIэ и комитетыр къыщызэрагъэпэща махуэщ**

♦**Википедием - ИнтернеткIэ къагъэсэбэп щIэнгъуазэм - лэжьэн щыщIидза махуэщ (2001 гъэм)**

♦**1890 гъэм** къалъхуащ адыгей усакIуэ, композитор, IуэрыIуатэдж **Къубэ Шэбан.**

♦**1906 гъэм** къалъхуащ 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм и комиссару щыта, Лениным и цIэр зезыхьэ, Вагъуэ Плъыжь орденхэр зыхуагъэфэща **Хьэтыкъуей Iэбубэчыр.**

♦**1912 гъэм** къалъхуащ къэрал политикэ лэжьакIуэ, КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщIу 1957 - 1969 гъэхэм щыта **Ахъуэхъу Аслъэнбий.**

♦**1932 гъэм** къалъхуащ пшынауэ Iэзэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артисткэ **БырмамытI Гуащэкъарэ.**

♦**1936 гъэм къалъхуащ** КъШР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхакIуэ, IуэрыIуатэдж, жылагъуэ лэжьакIуэ **Шэрджэс Алий.**

♦**1962 гъэм** къалъхуащ дин лэжьакIуэ, Кавказ Ищхъэрэм ис муслъымэнхэм и зэзыгъэIу центрым и унафэщIхэм ящыщ, дунейпсо ислъам зэщIэхъееныгъэм и президент **ПщыхьэщIэ Шафихь.**

♦**1965 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и корректор, «Голос Чегема» газетым жэуап зыхь и секретарь **Щоджэн Иннэ.**

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 4, жэщым зы градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Узыщымыгугъын ущыгугъмэ, уи гурыгъыр ижынщ.

● Дызэкъуэту

Зи гъащIэ кIэщIыр щапхъэ хъуа



Мы махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым цIыху щIагъуэ къина къыщIэкIынкъым псапэхуэщIэу КIэнцIэлий Имран цIыкIу щхьэкIэ зэхалъхьэ ахъшэм хэувэну гукъыдэж зымыщIа сабии балигъи. А Iуэху дахэр иужьрей лIыгъэ зыхуэхъуа Дал Ислъам абыхэм язт. ЩIалэм теухуа гукъэкIыжкIэ къыддогуашэ балъкъэрыбзэкIэ къыдэкI «Заман» газетым и журналист Темукуевэ Iэсият.

«НОБЭ дызыхэпсэукI гъащIэр гугъу хъуауэ, япэрей цIыхухэр нэхъ тыншу псэуа хуэдэу къыдолъытэ нэхъыбэм. Уеблэмэ леишхуэ къыттехьэм хуэдэу, ди псэукIэм дыщыхуэшхыдэри мащIэкъым. «НатIэм кърατха», «дин», «Тхьэ» жыхуаIэхэр цIыхум и фIэщ мыхъужым хуэдэщ. Ауэ щыхъукIэ, махуэ щIагъуэ дэмыкIыу, дыкъэзыгъэувыIэн, дызыгъэсакъын нэщэнэхэр къытIэрохьэ. Псэ къабзэрэ акъыл зэгущрэ зиIэ цIыхухэм дахуэзэну къыщIытхуиухри, абыхэм дерс гуэр къабгъэдэтхын, дадэплъеин папщIэщ. Ауэ дэнэ? Дэ ди щыуагъэхэм нэгъунэ даущииижыфыркъым, зэгуэр пхэнжу дызэрыбэкъуам къытхуихьа бэлыхьым нэ зэIухакIэ деплъыну дыхуейкъым. Акъыл, бэшэчагъ, цIыхугъэ къытхэмынэжам хуэдэу допсэу. Нобэ сывдэгуэшэну сыхуейщ иджы дыдэ гъащIэм къыбгъэдэсха дерс хьэлъэмкIэ.

Си дэлъхум и къуэ Ахъмэт егъэлеяуэ щIалэ гукъабзэ, гъэсэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ щIалэгъуалэм я щапхъэщ. Апхуэдэ дыдэу гъэсэныгъэ дахэ ябгъэдэлъщ ар къэзыухъуреихь адыгэ щIалэфIхэм. Сыт «щIалэфIым» къикIыр? Хьэл-щэн екIу къэзыгъэлъагъуэ, ныбжьым пщIэ хуэзыщIыф, щыпсалъэкIэ е цIыхум щыхэткIэ, нэхъыжьхэм щабгъэдэткIэ, къалъыс-къалъымысымрэ езыхэм я увыпIэмрэ щыуагъэншэу къэзылъагъуф, зэрыжаIэу, хабзэ зыхэлъ.

Куэд щIакъым Кэнжэ щыпсэу си адэ-анэм я унэм хьэщIапIэ сызэрыщыIэрэ. Зи гугъу сщIа Ахъмэт и ныбжьэгъухэр и гъусэу Iэнэм и хъуреягъкIэ пщэфIапIэм щызэхэст. Берычэтымрэ тхъэгъуэмрэ щызэхыхьэжа гупыр щыслъагъум, щIалэхэм егъэлеяуэ сащыгуфIыкIащ. Псори зы анэм къилъхуам хуэдэу бжьыфIэхэу, къабзэхэу, я нэгум гупсысэ илъу апхуэдэхэт. Сэ сыт щыгъуи сфIэфIщ щIалэгъуалэм садэуэршэрын, арагъэнщ си гур зэрыхэхъуэр щIызыхэсщIар. Ауэ ахэр сымыгъэукIытэн щхьэкIэ, пщэфIапIэм зыщызмыIэжьэу сыкъыщIэкIыжащ.

А зэманым щегъэжьауэ, си дыщым щызэгъэцIыхуа щIалэхэм сыкIуэжыху сахуэзэрт. МащIэ-куэдми, ныIулъадэхэрти псалъитI-щы зэIэпытхырт, апщIондэху нэIуасэ дызэхуэхъурт. Гу лъызмытэу, а щIалэхэр си Iыхьлым хуэдэу згъэуващ, езыхэри си гум пэгъунэгъу къыхуэхъури, анэ лъагъуныгъэм ещхь гуэр си псэм къыщагъэушащ. Къуажэ лъапсэм лэжьыгъэ мащIэ къыщыкъуэкIрэ? Сыт хуэдэ Iуэху унагъуэм къыдахми, ар уи Iуэхути-си Iуэхути жамыIэу, уеджэху фIэкIа пIалъэ имыIэу къакIуэхэрти, зэфIагъэкIырт.

Куэд щIакъым ди республикэм щыпсэухэр зы псапащIэ Iуэхум зэрыщызэкъуэувэрэ. КIэнцIэлий Имран цIыкIу зэрагъэхъужын ахъшэр зэрыреспубликэу зэхуахьэсын щIадзауэ щытащ мазэ хуэдиз ипэкIэ. Ар зэхэзымыха къэмынэжауэ, языныкъуэхэм цIыхухэр псапэ Iуэхум къыхашэн папщIэ ролик цIыкIухэр ягъэхьэзыру апхуэдэт. Псоми тхузэфIэкI етхьэлIащ а Iуэху дахэм. Алыхьым узыншэ дыдэ ищIыж а щIалэ цIыкIур, зы сабии дохутыр дэIэпыкъуныгъэ хуэмыныкъуэжын Тхьэм ищI!

Ахъмэт и ныбжьэгъухэм яз Дал Ислъам а псапэм зригъэубгъуну мурад ищIат, езым и нэгум зыгуэру къыщIигъэувауэ. Мылъку зэхуэхьэсыным зэрыбгъэдыхьа щIыкIэм сынэмысыпэ щIыкIэ, газетым и щIэджыкIакIуэхэм езы Ислъам къезгъэцIыхуну сыхуейт.

Куэд щIакъым ар илъэс 22-рэ зэрырикъурэ. Диным пщIэшхуэ щыхуащI унагъуэм къыщыхъуащ а щIалэр. Я гукъэкIкIи я IуэхущIафэкIи, фIыщIэмыгъэкIуэд цIыху махуэ жыхуаIэм хуэдэт ар зыпIахэр, а хьэлхэр езы Ислъами дэплъагъу зэпыту щытащ. Езыри щIалэ дахэ зыхужаIэм хуэдэу лъагъугъуафIэт. Ислъам 2002 гъэм гъатхэпэм и 8-м дунейм къытехьащ. «Аращ уэ апхуэдизу ущIэбжьыфIэри псоми фIыуэ укъыщIалъагъури», - къыжраIэу, и ныбжьэгъухэр къыдэгушыIэ зэпытт, къыщалъхуа махуэр гъатхэпэ махуэшхуэм зэрырихьэлIам къыхэкIыу. ЗэрыцIыкIурэ нэхъыбэ къиищIэну хэту, щIэныгъэм хуэпабгъэу апхуэдэт.

Спортыр и гъащIэм къыхыхьа нэужь, Ислъам каратэмрэ гимнастикэмрэ зритащ. Школым щIэсыху зэхьэзэхуэхэм хэту, текIуэныгъэр и Iэпэгъу хъу зэпыту къэтэджащ. Щеджар Налшык дэт школ №9-рщ. Зэманышхуэ тригъэкIуадэрт щIалэ цIыкIум дерс нэужьым къызэрагъэпэщ пшыхьхэм, псом хуэмыдэу, КВН-хэр щызэхашэкIэ, и пIэм изэгъэжыртэкъым. Ныбжьэгъугъэм и уасэр зыщIэ щIалэ цIыкIур цIыхухэм фIыуэ яхэзагъэрт. Класс нэхъыжьхэм нэса нэужь, Ислъам лъакъуэрыгъажэхэр зэпкърилъхьэн-зэпкърихыным дихьэхащ. А Iуэхум хуеджауэ щымытрэ пэт, и Iэм ищIэм дзыхь хуищIурэ, Iэщ1агъэ хуэхъуауэ жыпIэ хъунущ. Школыр къиуха нэужь, Ислъам гуманитар-техникэ колледжым щIэтIысхьауэ щытащ икIи «юрист» IэщIагъэр иIэу ар къиухащ. А зэманым илъэс 18 ирикъуакIэт щIалэри, армэм къулыкъу щищIэну дашащ, езыми игу хэхъуэу а лъэныкъуэми зритащ. Ислъам хэкулI-хэкупсэу зэрыщытам фIэкIа хуэпхьыфыркъым и гур етауэ дзэм зэрыхыхьар. ИлъэскIэ къэтыху, и адэ-анэм и къуэр фIыуэ зэрагъэсам щхьэкIэ фIыщIэ тхылъхэр къаIэрыхьэ зэпытт. Тулэ къалэм къулыкъу щрихьэкIыху, ТекIуэныгъэр гъунэгъу къэхъуным хэлъхьэныгъэ хуищIауэ къилъытэрт езыми, парадым хэтыну танкыр игъэкIуэну дзыхь къызэрыхуащIами ригушхуэрт.

Унэм къэкIуэжа нэужь, Ислъам щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтыжащ. И гъэсэныгъэм къыхихагъэнт ар зэрыцIыкIурэ Алыхьталэм фIэкIа зыми зэрыщымышынэр. ДэIэпыкъуэгъу зыхуейм деж япэу нэсу апхуэдэт. А хьэлра къыщIэкIынт МЧС-м мафIэсгъэункIыфIу щылэжьэну къыщIыхихари. Куэдым зэрыдихьэхыр щIалэгъуэм и нэщэнэт.

Ауэрэ Ислъам езым и хьэрычэт Iуэху зэригъэпэщыну мурад ищIащ. ИлъэситI хуэдиз ипэкIэ абы къызэIуихат пшахъуэм хэту ягъавэ тырку кофе ефапIэ. И мурадыр къехъулIэри, лэжьыгъэм зиубгъуащ. Нэхъри зиузэщIыну мурад щищIым, езым хуэдэу щIалэ жыджэр зыбжанэ лэжьэгъуу къищтащ. Езым и адэ къуэшхэр къыдэIэпыкъу зэпытт. И хьэрычэт Iуэхум зэрызиужьым игу хигъахъуэу, хьэгъуэлIыгъуэхэм, пшыхь зэмылIэужьыгъуэхэм ирагъэблагъэу хъуат щIалэхэр. А псом нэхъри и лъэр щIигъэкIырт. Ди деж и мызакъуэу, Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм ирагъэблагъэрт. Ислъам и лъакъуэрыгъажэхэри ибгынакъым, щылажьэ къэрал IэнатIэри IэщIыб ищIакъым, хьэрычэтым зэрыхэтым хуэдэу.

Къыщедгъэжьам дгъэзэжынщи, Имран цIыкIу зэрыдэIэпыкъуам и гугъу тщIынщ. Мазэ кIуам мурад ищIат ахъшэ къилэжьу, абыкIэ сабий сымаджэм дэIэпыкъуну. Абы щхьэкIэ ролик иригъэтхри, республикэм щыпсэухэр къригъэблэгъащ пшахъуэм хэту ягъавэ и кофе гъэвапIэм. Дыгъэгъазэм и кIэм зэхиубла псапащIэ Iуэхур щIышылэм и 1 пщондэ иригъэкIуэкIыу, апщIондэху къилэжьар Имран цIыкIу иритыну арат. Жэщи махуи зэрызэфIэтым хуэдэу, зэрешами гу лъимытэу, Правительствэм и унэм, Налшык и курыкупсэм деж шатыр щагъэуври, кофе гъэвапIэ щаухуат зэныбжьэгъухэм. Тхьэмахуэкlэ лажьэхэри, къахэхъуа мылъкур зэрыщыту КъэнцIэлий Имран и унагъуэм хуахьащ. Махуэ лъапIэт ар Ислъам дежкIэ. Гу къабзэкIэ къиIэта Iуэхур къызэрехъулIам насыпыфIэ ищIауэ игу хэхъуэрт. Арати, и ныбжьэгъухэм телефонкIэ ящIэупщIэщ, унэм къэкIуэжри гъуэлъыжащ...

Пщэдджыжь нэмэзыр зэригъэгувэр жриIэну и къуэм деж щIыхьа и адэм щIалэр къыхуэгъэушакъым. И цIэмкIэ еджа нэужь, Ислъам жэуап кърихакъым. Зэрешам щхьэкIэ жей кум хыхьа къыфIэщIу, и дамэм щеIусэм, адэм къилъэгъуащ зи нэкIум гуфIэр ит Iэпкълъэпкъ щIалэр хьэдэу зэрыжар. Апхуэдэ щIыкIэу щIалэ бжьыфIэшхуэу гъащIэ дахэкIэ псори зыщыгугъыр и гукъэкI дахэхэмрэ IуэхущIафэ лъагэхэмрэ дамэ хуэхъури, Алыхьталэм деж Iэпхъуэжащ. Мурад дахэкIэ узэувэлIа Iуэхур зэрыпIихым и нэщэнэу, апхуэдэ дуней ехыжыкIэ насыпыфIэ куэдым къызэрыримытри хьэкъщ.

КъэзыцIыхуа псоми фIыуэ закъригъэлъэгъуфат Ислъам. Ауэ сэ зи гугъу сщIыну сызыхуейр ди унагъуэрщ. Нэхъыжьхэми нэхъыщIэ дыдэу унагъуэм щIэс ди хъыджэбз цIыкIум дежкIи Ислъам дунейр зэрехыжар дунейкъутэжым хуэдэщ. ИлъэсыщIэм и пэ дыдэм дызыбгъына щIалэм и цIэр къыщымыIуа махуэ къэтпсэуакъым абы лъандэрэ. Мыбдежым къыхэзгъэщыну сыхуейт лъэпкъ зэмыщхьэм къахэкIа щIалэгъуалэм я зэхуаку къыдэхъуа зэкъуэтыныгъэм. «Зэныбжьэгъу» цIэ лъапIэр зэпхьэфыныр пщIэшхуэщ. Iиман куу зыбгъэдэлъ Ислъам и адэ-анэм Алыхьталэр бэшэчагъкIи къахуэупсащ, гуауэшхуэр зэрагъэвын къаруи къабгъэдилъхьащ.

Дал Ислъам и псэ къабзагъымрэ и IуэхущIафэ дахэхэмрэ куэдым щапхъэ яхуэхъуфынущ. Абы зэхуишэса щIалэ гупым я ныбжьэгъум и мурадыр иджырхэми ягъэзащIэ. ЩIышылэм и япэ тхьэмахуитIым ахэр лэжьащ, Ислъам зэрыхуеям хуэдэу, Имран цIыкIу дэIэпыкъун папщIэ. Я ныбжьэгъум и хъуэпсапIэр кърагъэхъулIэмэ, абы и ахърэт гъащIэр насыпыфIэ хъуну къащохъу. Нобэрей щIалэгъуалэм ябгъэдэлъ цIыхугъэшхуэм и щапхъэу къызолъытэ мы хъыбарыр. Псоми фIыуэ тлъэгъуа Ислъам жэнэткIэ Тхьэм игъэгуфIи Алыхьталэм и нэфI зыщыхуа и пщылI ищI. Зэрыпсэуар мащIэми, и ныбжьэгъухэм гъуазэ яхуэхъуащ. Мылъкури, машинэхэри, унэлъащIэхэри щынэхъапэкъым мы гъащIэм. ЦIыхугъэмрэ гущабагъымрэщ цIыхур цIыху зыщIыжыр».

Дэри къыдбгъэдэкIыу Дал Ислъам и Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ дахуогузавэ. Апхуэдэ лъэужь махуэ къызэзынэкIа щIалэр зыми ящыгъупщэнукъым.

Зыгъэхьэзырар
ЧЭРИМ Марианнэщ.

КIуэкIуэхэ я налмэс нэчыхь

● ДифI догъэлъапIэ

Илъэс блэкIам Бахъсэн щIыналъэ щаIэта, щрагъэкIуэкIа дауэдапщэхэм ящыщу нэхъ гукъинэу къалъытар мазаем и 5-м КIуэкIуэхэ СэIэдулэрэ ФатIимэрэ я унагъуэр илъэс 60 зэрырикъур зэрагъэлъэпIарщ.

АБЫ ирихьэлIэу Бахъсэн ЗАГС-м и унафэщI Жылау Iэминэ, «Бахъсэн» газетым и редактор нэхъыщхьэ Балъкъыз Iэминат, абы и къуэдзэ Абазэ Дусенэ, КПРФ-м и Бахъсэн къудамэм и секретарь Бэрэгъун Iэминэ сымэ КIуэкIуэхэ я унагъуэм щыIат, иужькIи Абазэм абы теухуауэ тхыгъэшхуэ итхыжащ. «Адыгэ псалъэ» газетым и щIэджыкIакIуэхэми ди гуапэу фи пащхьэ идолъхьэ а Iуэху дахэр зэрекIуэкIамрэ Дусенэ зэщхьэгъуситIым зэрепсэлъамрэ теухуа тхыгъэр.

Дызэрыщыгъуазэщи, 2024 гъэр «Унагъуэм и илъэсу» екIуэкIащ. ИкIи абы ипкъ иткIэ, Жылау Iэминэ жьэгу мафIэ мыужьыхым и дамыгъэр ЩIыхь тхылъым и гъусэу тыгъэ яхуищIащ зэщхьэгъуситIым, мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ захуигъэзащ:

- Хабзэрэ нэмысрэ щызекIуэу, зи жьэгу мафIэр мыужьых унагъуэ лъэщым фрихъумакIуэщи, фи Iэнэгум берычэтыр щытепщэу, гъащIэм абы и IэфIыгъэ псори зыхэфщIэу, фи гукъыдэжыр мыкIуэду, фызэкъуэту, мы дуней дахэм фытемызашэу иджыри куэдрэ фыпсэуну ди гуапэщ. Фи пщIэр лъагэу илъэс 60 хъуауэ фыкъызэдогъуэгурыкIуэри, псэр зыщIэхъуэпс фIыгъуэмкIэ Тхьэр къыфхуэупсэну дынывохъуэхъу.

КПРФ-м и Бахъсэн къудамэр зезыхьэ Бэрэгъун Iэминэ зи сабиигъуэр зауэ заманым хиубыда СэIэдулэ партым къыбгъэдэкIыу «Зауэм и сабийхэр» медалыр и бгъэм хилъхьащ.

Езы зэщхьэгъусэхэми, къахуэкIуа хьэщIэхэм къыхуащIа пщIэм къыпэджэжу, псалъэ гуапэ куэд жаIащ.

СэIэдулэ илъэситI хъуатэкъым и адэ IэзэмэтджэрийХэку зауэшхуэм щыIухьам. Абы къигъэзэжакъым, и псэр Хэкум папщIэ итащ. Фызабэу къэна цIыхубзыр и дыщым яшэжат и сабий закъуэр и гъусэу. Нэхъ балигъ хъухукIэ СэIэдулэ зыхищIэрт къызыхэкIа лъэпкъым зэрыхэмысыр. Хьэблэ щIалэ цIыкIухэми, зэгуэркIэ зэщыхьамэ, псалъэ гуауэр кърауIыпщырт: «Уэ КIэнэтхэкъым узейр», - жаIэу. Абы и гум щыщIэр КIуэкIуэ Мухьэмэд къыщищIэм, зауэм хэкIуэда и къуэшым и къуэ закъуэр лъэпкъым къыхишэжыну мурад ещI. Езыхэр щыпсэу хьэблэм пэIэщIэми, узыщIэс хъун унэ иту щIапIэ къыхуещэхури, и анэр щIыгъуу егъэтIысыж. Зэман дэкIауэ КIуэкIуэ лъэпкъым пэгъунэгъуу лъапсэ ящэжу щызэхахым, КIуэкIуэ Мухьэмэдрэ и анэ дэлъху КIэнэт Уэсмэнрэ къадоIэпыкъури, нобэ зэрыс лъапсэр къащэху.

- Нобэр къыздэсым си щхьэгъусэ ФатIими ди бынхэри тхьэм долъэIу а цIыхухъуитIым къысхуащIар бэгъуауэ АхърэткIэ ягъуэтыжыну. Сыпсэуху сщыгъупщэнукъым сэ ар, - игу къегъэкIыж СэIэдулэ.

Зауэ нэужьыр зэман гугъут. Анэм дэIэпыкъуэгъу хуэхъун мурадкIэ, илъэс 14-м иту колхоз танэхэр игъэхъуу лэжьэн щIидзащ СэIэдулэ. Сыт хуэдэ гугъуехьми пэщIэтыфу къэтэджа щIалэр псэемыблэжу илъэс щэныкъуэм нэблагъэкIэ щылэжьащ колхозым. И Iуэху бгъэдэтыкIэм, и лэжьыгъэм теухуауэ СэIэдулэ щытхъу тхылъ куэд къыхуагъэфэщащ. Ауэ псом нэхърэ нэхъ игу къинэжауэ къеIуатэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщI Мэлбахъуэ Тимборэ Дыгулыбгъуей колхозым къыщыкIуам къыхуигъэфэщауэ щыта саугъэтыр.

- ИлъэситI хъуауэ сылажьэу арат колхоз председателым и отчётым си цIэр фIыкIэ къыщыхигъэщам: «КIэлъыплъыну кърата танэ щхьэ бжыгъэр илъэситIым и кIуэцIкIэ кIэрыху имыIэу къигъэхъуащ КIуэкIуэ СэIэдулэ». Мэлбахъуэр колхозхэтхэм псалъэкIэ захуигъэзэну псэлъапIэм къыщытеувэм, мыпхуэдэу жиIэгъащ: - И ныбжькIэ щIалэми, зэфIэкI иIэщ. Псэемыблэжу лэжьыгъэм пэрыт щIалэщIэм и ехъулIэныгъэм пэкIуэу, сэ къызбгъэдэкIыу зы танэ тыгъэ хузощI». Ар си гум IэфIу къинэжащ нобэр къыздэсым, - жеIэ КIуэкIуэм.

Дыгулыбгъуей щIалэр Къулькъужын дэс и адэ шыпхъум деж щыIэу, школым кIуэ ФатIимэр елъагъу икIи гухэлъ къабзэ хуещI. СэIэдулэ тетIысхьакъым и жейр щIыфIэкIуэда пщащэр зыIэригъэхьэху. 10-нэ классым щеджэ ФатIимэ дэкIуэн Iуэхуи зэрихуэтэкъым. Ар фIыуэ еджэрти, школыр къиухмэ IэщIагъэ зэригъэгъуэтыну и мурадт. Ауэ нэхъыжь унафэкIэ СэIэдулэрэ ФатIимэрэ я насыпыр зы мэхъу.

- «КIуэкIуэхэ сакъыщыхыхьам СэIэдулэ фермэм щылажьэрт. Сэ слъагъут ар гугъу зэрехьыр. Нэхъ лэжьыгъэ къабзэ, тынш игъэзэщIэну сыщIэхъуэпст. ИкIи си лъэIум зыкъыдещIри, СэIэдулэ мехшколым щIотIысхьэ, шофёру йоджэ. Сэри, ар еджэхукIэ, тшхын нэхъ мыхъуми къэзлэжьынщ, жызори, абдж тхьэщIу консерв заводым соув»,- игу къегъэкIыж ФатIимэ. Еджэн мурадым сиIыгъти, а илъэсым сызыдеджахэм я гъусэу экстерну экзаменхэр сотри, аттестатыр зыIэрызогъэхьэж. Сызэрылажьэри сыщылажьэри игу нэстэкъым си гуащэ Лидэ. Сыт хуэдэ IуэхукIи чэнджэщэгъу ищIыр лъэпкъым я нэхъыжь Мухьэмэдти, и гукъеуэр хуеIуатэ. Абы и псалъэкIэ езанэ курыт еджапIэм (нобэ ебланэм) пионервожатэу сагъакIуэ. Сылажьэурэ педучилищэри къызоухыжри, пэщIэдзэ классхэр езгъэджэн щIызодзэ, илъэс пщыкIутхукIэ егъэджакIуэу солажьэ, - игу къегъэкIыж ФатIимэ.

Адыгэхэм хабзэфIу къадекIуэкIхэм ящыщщ жьы хъуа адэ-анэм бынхэр кIэлъыплъын зэрыхуейр. Апхуэдэу жэуаплыныгъэр яхэлъу бын къалэныр ягъэзэщIащ СэIэдулэрэ ФатIимэрэ. Сымаджэ хъуа и гуащэм кIэлъыплъыну, ар зыхуей хуигъэзэну ФатIимэ егъэджакIуэ лэжьыгъэр IэщIыб ищIащ.

КIуэкIуэ унэцIэр зымыцIыху Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэм исуу къыщIэкIынкъым. Ар зи фIыщIэр лъэпкъым и щIыхьыр лъагэу зыIэта и цIыхухэрщ. СэIэдулэрэ ФатIимэрэ абыхэм ящыщщ - лъэпкъым и нэмысыр яIыгъыу зэдопсэу. Илъэс 60-м къриубыдэу зэщхьэгъуситIым гугъуехь куэд я гъащIэ гъуэгум щалъэгъуащ. Я зэхущытыкIэр абы нэхъри имыгъэбыдамэ, нэхъ махэ хъуакъым. Зыр адрейм щIэгъэкъуэн хуэхъуу сыт хуэдэ гугъуехьми пэщIэтахэщ.

СэIэдулэрэ ФатIимэрэ быниплI зэдапIащ - щIалищрэ зы хъыджэбзрэ. ЦIыхур сыт хуэдэ ныбжьым имытми абы далъагъу хьэл-щэнхэр (ахэр гурыхьми мыгурыхьми) зи фIыщIэу е зи ягъэу ялъытэр адэ-анэращ. ЗэхущытыкIэ дахэ, зэгурыIуэныгъэ, нэмыс, хабзэшхуэ щытепщэ унагъуэм гъэсэныгъэ дахэу я бынхэм халъхьар, шэч хэмылъу, ядыболъагъу я къуэрылъху-пхъурылъхухэми. Апхуэдэ щытыкIэ дахэхэм щIапIыкIа бынхэми унагъуэ быдэ яухуауэ насыпыфIэу мэпсэу, я къуэхэу Анзор, Мухьэрбий, Алберд - хьэрычэтыщIэхэщ, Майе пщафIэщ. Къуэрылъху-пхъурылъхуу хы яIэщ. Абыхэм ирогушхуэ СэIэдулэрэ ФатIимэрэ, икIи зырызыххэу я цIэ къраIуэ:

- Елдар Саратов дэт юридическэ академиер къиухащ, армэм къулыкъу щищIащ, иджы лэжьыгъэм поплъэ;

- Астемыр, юридическэр къиухауэ мэлажьэ;

- Алихъан МГУ-м и экономикэ къудамэмрэ абы и магистратурэмрэ къиухащ. Аспирантурэм щIэсщ;

- Алинэ МГУ-м и юридическэ къудамэм 2-нэ курсым щIэсщ;

- Марат 9-нэ классым фIы дыдэу щоджэ. Налшык дэт «Детская академия творчества «Солнечный город» лицейм щIэсщ;

- Элинэ Налшык и курыт еджапIэ №14-м фIы дыдэу щеджэхэм ящыщщ.

- Дыжьыщхьэмахуэщ дэ, - жеIэ ФатIимэ. - Ди бынхэм дакIэлъыплъащ, абыхэм яхуэтщIар зыхащIыкIащ. Бынхэм къытхуаIэ лъагъуныгъэр, къытхуащI пщIэр махуэ къэс зыхыдощIэ. Къуэрылъху-пхъурылъхухэм я ехъулIэныгъэхэм дыщогуфIыкI. Си нысэхэри дыщэм хуэдэщ. Унагъуэ хъарзынэ къыхэкIахэщ, гъэсэныгъэ дахэ ябгъэдэлъщ. Унагъуэм я гур етауэ, быным ятеубгъуауэ, я щхьэгъусэхэм я нэмысыр яIыгъыу, дэ нэхъыжьытIми ди пщIэр яIэту мэпсэухэри, Тхьэм иригъэфIакIуэ. Ахэр зыгъэса адэанэхэми сытым дежи сахуохъуахъуэ. ЦIыхум фIы ищIар зэикI кIуэдынукъым. Сэ си гуащэм кIэлъызесхьа пщIэр, нэмысыр си нысэхэм деж щызогъуэтыж.

- Сыт хуэдэ гугъуехь Алыхьышхуэм цIыхум тримылъхьэми, зы насып гуэр зримытыж, зымыIуэтэж щыIэкъым. Си адэр зауэм хэкIуадэу, къуэши щыпхъуи симыIэу си анэм сыкъыщыхуэнэми, ФатIимэ щхьэгъусэу къызэрызитамкIэ ди Тхьэшхуэм фIыщIэ хузощI, - къеIуатэ СэIэдулэ и гухэлъыр.

- Сэ гъащIэм дерс къыхэсхащ икIи абы теухуауэ жысIэну сыхуейщ, унагъуэ ихьэу гугъуехь гуэр зымышэч зыри зэрыщымыIэр. НыбжьыщIэхэм ар хьэкъ ящырехъу. ШыIэныгъэ зыхэвгъэлъ. Япэ вгъуэта насыпыр фхъумэ. ФепсынщIэкIыу губжькIэ унафэ фымыщI. «ЩхьэкIуэ зышэч щхьэ шхыгъуэ йохуэ», - жиIэгъащ пасэрейм. Сыт хуэдэ гугъуехьми кIэух иIэщ. Насыпышхуэщ адэ-анэм быныр зэдапIыжмэ. Сабийр анэм и гъусэмэ - адэншэщ, адэм и гъусэмэ - анэншэщ. Псом япэр сабийхэращи, абыхэм я гур фхъумэ, - жеIэ унэгуащэм щIалэгъуалэм захуигъазэу.

Тхыгъэм елэжьар
ФЫРЭ Анфисэщ.
Сурэтыр
Лыхь Альбинэ *ейщ*.

● Туризм

ЦIыху мини 100-м щIигъу

ИлъэсыщIэ зыгъэпсэхугъуэ махуэ 11-м къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIащ турист мини 103,4-рэ. Нэгъабэрей бжыгъэхэм елъытауэ ар процент 12,5-кIэ нэхъыбэщ, къитащ КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм.

ПСОМ хуэмыдэу щIэупщIэ зиIэр, цIыху нэхъыбэ дэзыхьэхыр Iуащхьэмахуэ лъапэрщ. Мы махуэхэм абы зыщагъэпсэхуащ цIыху мин 80-м икIи ар процент 14,5-кIэ нэхъыбэщ блэкIа илъэсым и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ. Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэ кIапсэ гъуэгухэмкIэ къакIухьащ цIыху мин 56-м нэблагъэм. Языныкъуэ махуэхэм Iуащхьэмахуэ и джабэ нэкIухэм зэуэ дэкIащ цIыху мини 7-м щIигъу.

ХьэщIэхэм я нэхъыбэм 2025 илъэсыщIэр Азау хуейм къыщрагъэхьэну нэхъ къыхахащ. Абыхэм щхьэкIэ удэзыхьэх, гукъинэж хъун программэ гъэщIэгъуэнхэр зэхагъэувауэ щытащ.

Iуащхьэмахуэ лъапэ нэмыщI, илъэсыщIэ зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм туристхэр щыкуэдащ «Нарзанхэм я ауз» экопаркым, Шэрэдж, Шэджэм аузхэм.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

ФIым я фIыж Щауэ Камилэ

ЦIыкIуу зумыгъэщIар, хьэл пхуэмыхъуар, удэзымыхьэхар ин ухъуа нэужькIэ уи гъащIэм гуэгъу хуэхъуфынукъым. НыбжькIэ ущыщIалэм деж, псори уи Iэрылъхьэкъэ-тIэ? ЗэрыжаIэу, шым утесу жьым ущепыдж зэманщ.

КЪАПЩТЭМЭ, адыгэ унагъуэм къихъуа хъыджэбзым гулъытэ ин хуащIу щытащ, нобэми арыххэщ. Ар зыхуамыгъэсэ щыIакъым - хъыджэбзыр IэпэIэсэу, утыкуми къыщыфэу, шхыныгъуэхэри ипщэфIу къэгъэтэджыпхъэт. НобэкIэ зызыхъуэжу щIэзыдза гъащIэм хъыджэбзым ирагъащIэ, абы халъхьэ дахагъэ псори кIуэдакъым, уеблэмэ лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ абы и къэухьым, зэхэщIыкIым, лъэкIыныгъэу иIэм зыщиубгъу хъуауэ аращ. ФэзгъэцIыхуну пщащэ цIыкIури гъащIэ телъыджэм хопсэухь, ар куэдым дехьэх икIи и Iэпэ къызыпекIуэкI дэтхэнэри къогъагъэ, къощыгъэ, телъыджагъэкIэ зыкъытхуогуапэ.

Щауэхэ Муратрэ Мадинэрэ яухуа унагъуэ екIум къихъуа хъыджэбзщ Камилэ. Абы и дэлъху Мухьэмэд дэщIыгъуу адэ-анэм я набдзэщ, сыту жыпIэмэ хъыджэбзым и дунейр телъыджэщ, гъэщIэгъуэнщ. Налшык къалэм и епщыкIущанэ гимназием и 10-нэ классым щоджэ Камилэ. Ар еджапIэм къызэрыщацIыхур фIыуэ зэреджэм и закъуэкъым, атIэ абы гъэсэныгъэ хэлъщ, хабзэ-нэмыскIэ псыхьащ. Езыр зэчий зыбгъэдэлъ хъыджэбзщ, лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ къыщынаIуэу. Щыхьэт тхуэхъур Камилэ къафэм, сурэт щIыным, шы тесыным абы гу зэрыхуищIарщ.

Къафэ. Псы хуэм ес къыу хужьу адыгэ къафэхэр утыку щызыгъэлъагъуэ пщащэр дехьэх лъэпкъ зэхуэмыдэхэм



ягъэзащIэ къафэхэм. Илъэс зыбжанэ хъуауэ Камилэ нэхъ зытригъащIэ къафэхэм ящыщщ иджырей щIалэгъуалэм ягу ирихьу утыку щагъэзащIэхэр. Езым зэрыжиIэщи: «Къафэм Iэпкълъэпкъыр зэкIуж ещI, утыку итыкIэм урегъасэ, уардэу уипкъ и дахагъэ пщIэжу уегъэпсэу».

Сурэт щIыныр. Камилэ сурэт щIыным щыдихьэхар илъэс пщыкIузым итущ. Iэпэм къыпыкI теплъэгъуэхэр, сурэтхэр гъэщIэгъуэну абы зэрыхуэщIым гу лъызыта адэ-анэм ар щIагъэтIысхьащ художественнэ еджапIэм. Техникэ зэхуэмыдэкIэ сурэт зыщI пщащэм и IэдакъэщIэкIхэр апхуэдизкIэ гъэщIэгъуэнщи, абы еплъ дэтхэнэри дехьэх. Лэжьыгъэхэр щагъэлъагъуэ, щызэпеуэ зэхьэзэхуэхэм увыпIэ нэхъыщхьэхэр къыщызыхь Камилэ ищI сурэтхэм увыпIэ нэхъыщхьэр щахухех шыхэм. Абыи щхьэусыгъуэ иIэщ. Пщащэм и псэм и плъыфэ телъыджэхэр къыщигъэлъагъуэкIэ, ахэр сурэт зэхуэмыдэхэу болъагъу, ауэ псори зэзышалIэр зыщ - абы и дунейр гъэщIэгъуэну, гупсысэ иIэм дыгъэ бзий тепсэу зэрыщытырщ. А. Л. Ткаченкэ и фэеплъу екIуэкIа, «Сияние-2024» зыфIаща епщыкIутхуанэ гъэлъэгъуэныгъэ-зэпеуэм бжьыпэр къыщыхуагъэфэщащ Камилэ.

Шыхэр. ИщхьэкIэ зэрыщыстхащи, Камилэ и сурэтхэм куэдрэ щыдолъагъу шыхэр. Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр пщащэм а псэущхьэхэр зыми зэрыпимыщIырщ, фIыщэу зэрилъагъурщ. Илъэсих и ныбжьу абы щIидзащ шым тесыкIэ ригъащIэу. Шыхэм якIэлъыплъкIэрэ, ахэр зыхуей хуигъазэкIэрэ, фIыщэу илъэгъуа псэущхьэхэм гулъытэ лей яхуэзыщI пщащэщ ар. ШыкIэ къызэдэжэхэми яхэтщ Камилэ. ГъэщIэгъуэныр аращи, абыи бжьыпэр къыщехьыф. ПхужымыIэнщ мы псэущхьэхэм ар щытепсэлъыхькIэ дэрэжэгъуэу иIэмрэ абы и нэгур зэрынэщхъыфIэмрэ. Шы лъэпкъыгъуэ куэдым я гугъу къыпхуищIыфынущ, ахэр цIыхум ныбжьэгъу пэжу къазэрыхущIэкIми ущигъэгъуэзэнущ.

«Пасэм щыгъуэ шым и ныбжьым елъытауэ мыпхуэду зэщхьэщадзу щытащ, - жеIэ Камилэ, - шыщIэ - илъэс ирикъуху, нэбгъэф - илъэситI ирикъуху, къунан - илъэсищ ирикъуху. Шыр теплъэкIэ дахэ закъуэкъым, атIэ ар псэущхьэ губзыгъэщ. Абы и щыхьэтщ псалъэжьым жиIэр: «Шыр тхьэкIумэкIи маплъэ».

Зи ныбжькIэ зипс иджыкIэ къажэу щIэзыдза Щауэ Камилэ удэзыхьэхщ. Абы жиIэ дэтхэнэ зы псалъэри зэгъэзэхуауэ, узэримыгугъауэ гупсысэ щIэлъу щытщ. Таурыхъ телъыджэм къыхэкIауэ ди нобэрей зэманым гъащIэ къыщызыгъащIэм хуэдэ пщащэм и къэфэкIэр, сурэт щIыкIэр, шыхэм зэрахущытыр куэдым яфIэтелъыджэщ.

Аращ-тIэ, зи бынхэм гъэсэныгъэ дахэ яхэзылъхьэ адэанэм абыхэм тыгъэу кърату жыр фIым я фIыжщ.

МАХУЭЛI Беслъэн.
Къамылыкъуэ.

Камилэ и сурэтхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм я лэжьакIуэхэр «Нюр» журналым и художественнэ редактор **Ораковэ Марьям Алим и пхъум** хуогузавэ и адэ **Ораков Алим Ахъмэт и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

● Хъыбар кIэщIхэр

Херсон областым дэIэпыкъун пещэж

Къэбэрдей-Балъкъэрым Херсон областым щыпсэухэм ядэIэпыкъуным 2025 гъэми пищэнущ. Дызыхыхьа илъэсым республикэм и лIыкIуэхэм къапэщылъщ цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ зэхуэмыдэхэр щыхуащIэ, социальнэ мыхьэнэ зиIэ ухуэныгъэхэр зэрагъэпэщыжыну.

ПСАЛЪЭМ папщIэ, Приморскэм и «Дыщэ бдзэжьей цIыкIу», Красненскэм и «Таурыхъ» сабий садхэр зэIузэпэщ ящIынущ, сабий джэгупIэхэр зыхуей хуагъэзэнущ. Абы нэмыщI, Таврийскэм щыIэ «Уардэунэ цIыкIур» нэгъабэ щрагъэжьа лэжьыгъэм пащэжынущ икIи къызыхуэтыншэу зыхуей хуагъэзэнущ. «Железный Порт» къуажэм псы къагъэсэбэпахэр зэрылъадэ и кIэнауэр зэрахъуэкIынущ.

Зи гугъу тщIы IуэхущIапIэхэр Херсон областым и Скадовск муниципальнэ округым хохьэ.

Зыужьыныгъэм и нэщэнэхэр

ЗэкIэ къызэрабжамкIэ, 2024 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым иригъэкIуэкIа розницэ сатум и куэдагъыр сом мелард 325-рэ хъуащ е 2023 гъэм яхузэфIэкIам проценти 108 - 110-кIэ хуокIуэ.

А ПIАЛЪЭМ къриубыдэу шхапIэхэм фейдэуэ сом мелард 16-м нэблагъэ кърагъэщIащ е нэгъабэрей бжыгъэхэм проценти 132-кIэ хуэкIуэу. Къапщытэж пIалъэм хуэзэу цIыхум Iуэхутхьэбзэу хуащIам и куэдагъым сом мелард 65,9-рэ къыпэкIуащ - нэгъабэ нэхърэ проценти 8-кIэ нэхъыбэщ ар.

Бжыгъэхэм къагъэлъагъуэ республикэм и цIыхухэм хэхъуэу яIэр нэхъыбэ зэрыхъуар. Псалъэм къыдэкIуэу, иужьрей илъэсиплIым ди цIыхухэм я хэхъуэм и куэдагъымкIэ щIыналъэр къэралым щынэхъыфIхэм яхэтщ.

БАТОКЪУЭ Албэч.

● Гъуазджэ

ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм

«Свой стиль» зэгухьэныгъэм хэтхэм я къыкIэлъыкIуэ гъэлъэгъуэныгъэр Налшык къалэм, ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм ит розэхэм я хьэсэхэм деж, къыщызэIуахащ.

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭМ хагъэхьащ Шакманов Магомед, Бекоев Геннадий, Журт Хьэсэн, Лукьяненкэ Иван, Шипуновэ Иринэ, Пузенкэхэ Михаилрэ Дмитрийрэ, Байсиев Ахъмэт, Подвэ Александр, ди лэжьэгъу Къарей Элинэ сымэ я сурэтхэр. Лэжьыгъэхэр зытеухуа и лъэныкъуэкIэ куэду зэщхьэщыкIырт, натюрмортхэр, гъэм и зэманхэм я теплъэхэр, псом хуэмыдэу щIымахуэр къыщыгъэлъэгъуахэр, цIыху сурэтхэр, щIыуэпсыр, къалэхэр, тхыдэри нобэри къызэщIаубыдэу. КъыжыIапхъэщ, мы сурэт щхъуэкIэплъыкIэхэм жыг хадэ зыгъэпсэхупIэм ущеплъыну нэхъри зэрыщIэщыгъуэр!

«Свой стиль» клубыр къызэIузыха икIи абы и унафэщI Лукьяненкэ Иван гъэлъэгъуэныгъэм зыкърезыгъэхьэлIахэм защыхуигъазэм жиIащ 2004 гъэ лъандэрэ я Iуэхущ IапIэр зэрылажьэр, нэгъабэ илъэс 20 зэрырикъуар. Клубым сурэтыщIхэм я зэпеуэхэри къызэрегъэпэщ. Сурэт техыным дихьэх щIалэгъуалэр утыку къихьэнымкIэ, ахэр щIыналъэм къыщацIыхунымкIэ клубыр дэIэпыкъуэгъу мэхъу.

Мыпхуэдэ гъэлъэгъуэныгъэ нэгъабэ гъэмахуэм япэу екIуэкIащ сурэттеххэм я лэжьыгъэхэр фIыуэ зылъагъухэм я деж щIэупщIэ щиIэу. Фотоклубым хэтхэм я лэжьыгъэхэр зэрагъэлъагъуэм и фIыгъэкIэ куэдым къацIыхуащи, абы хыхьэну гупыж зыщIхэм я бжыгъэм къыохъуэ, сурэтыщI гъуазджэм щIыналъэм зыщиужьынымкIэ сэбэп мэхъу.

Мы Iуэху дахэм я гуапэу хэтащ сурэттех гъуазджэм дихьэххэр, Налшык къалэм и хьэщIэхэр, сурэттеххэм я благъэхэр, ныбжьэгъухэр.

БЖЬЫХЬЭ Розэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Ди псэлъэгъухэр

Япэ адыгэ стюардессэ

Мы тхыгъэр зытеухуар япэ адыгэ стюардессэ, «Red wings» авиакомпанием и бортпроводник нэхъыжь Бэрий Iэсиятщ.

IЭСИЯТ зыпэрыт лэжьыгъэм нобэ щIалэ, хъыджэбз куэд щIэхъуэпсми, ар къызэхъулIэр мащIэщ. Iуэхум зэрыпэрыхьэрэ Урысейм и къалэ пщIы бжыгъэхэм, хамэ къэрал 20-м щIигъум (Мысыр, Тайланд, Дубай, Тырку, нэгъуэщIхэми) щыIэну хунэсащ. Зэ еплъыгъуэкIэ тыншу къыпщыхъуми, мы лэжьыгъэр апхуэдэу къызэрыгуэкIкъым, жэуаплыныгъэ ин зыпылъщ. Кхъухьлъатэм щекIуэкI псомкIи аращ жэуап зыхьыр. Зэрысабийрэ лъагапIэр фIыуэ зылъагъу Iэсият лъэтэну фIэфI дыдэщ. Аращ и лэжьыгъэм гугъуехь мыхъуу, фIагъ нэхъыбэ щIыхилъагъуэри. И лэжьыгъэм къыщыдэхуэкIэ тирым кIэрахъуэ щигъэуэн, шым тесу къижыхьын фIэфIщ.

Аруан щIыналъэм хыхьэ Псыгуэнсу къуажэм къыщалъхуа Бэрий Iэсият Иджырей гуманитар академием бзэ щIэныгъэхэмкIэ и факультетыр 2010 гъэм къиухащ. Псом хуэмыдэу и лэжьыгъэм къыщыхуэщхьэпащ абы щиджа инджылызыбзэмрэ франджыбзэмрэ. ЕджапIэ нэужьым ритейлинг IуэхущIапIэм щылэжьащ. И унагъуэм къыхуамыгъэдахэми, ар зэпымыууэ зыщIэхъуэпсыр кхъухьлъатэкIэ лъэтэнырт. Зэгуэрым, и Iыхьлыхэмрэ ныбжьэгъухэмрэ зэхуэсауэ, Iэсият стюардессэ IэщIагъэм хуеджэну къыщыхуагъэлъагъуэм, занщIэу арэзы хъури, Москва еджапIэ кIуащ. Курсым упхыкIын щхьэкIэ, уи ныбжьыр илъэс 18-м щыщIэдзауэ 26-м щIимыгъуу, ику ит щIэныгъэ е ику ит техникэ IэщIагъэ уиIэу, е щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэбгъэгъуэтауэ, инджылызыбзэр пщIэуэ щытын хуейщ. Абыхэм упхыкIа нэужь, инструкторым и гъусэу махуэ зыбжанэкIэ уолъатэри, Iуэхум зыхибогъэгъуазэ. ИтIанэщ а лэжьыгъэм упэрыхьэну хуит ущащIыр. Кхъухьлъатэ лIэужьыгъуэ къэс я зэхэлъыкIэр зэбгъэщIэн, щхьэхуэу а псор бджын хуейщ. Iэсият а IэщIагъэр игу дыхьэти, псоми тыншу хэзэгъащ. КIэщIу жыпIэмэ, и IэщIагъэр къигъуэтыжауэ жыпIэ хъунущ. Иджы хуитыныгъэ иIэщ «Боинг 777», «Сухой суперджет 204», «214» кхъухьлъатэхэм щылэжьэну. Кхъухьлъатэм елъытащ абы и экипажым и бжыгъэр зыхуэдэнур. Къапщтэмэ, «Боинг»-м цIыхуипщI щолажьэ, пилотитI щIыгъуу. «Сухой суперджет» лIэужьыгъуэм цIыхуиплI къудейщ щыIэр.

Iэсият и лэжьэгъуэ махуэр гъэщIэгъуэнщ. Кхъухьлъатэр текIыным сыхьэтитI иIэжу ар кхъухьлъэтапIэм макIуэ. Рейсым и пэ къихуэу зэлэжьэгъухэр зэхуосри, рейсыр, кхъухьлъатэр зыхуэдэм, экипажым и унафэщIым, етIуанэ пилотым, цIыху бжыгъэр зыхуэдизым топсэлъыхь. АдэкIэ дохутырыр къоплъри, я узыншагъэр пэлъэщыну къилъытэмэ, лъэтэну хуит ещIхэр.

Кхъухьлъатэм и лэжьакIуэхэр я теплъэми кIэлъыплъын хуейщ. Я щхьэцыр плъыфэ къызэрыгуэкIыу щытыпхъэщ, плъыжьу е удзыфэу ялэныр къэзэгъыркъым. Iэмал имыIэу я щхьэцыр зэщIэкъуауэ, я Iэбжьанэр кIэщIу пыупщIауэ, къызэрыгуэкI плъыфэкIэ е плъыжьыфэкIэ лауэ, я щыгъыныр къабзэу, ету тедзауэ щытын хуейщ. Сэхусэплъ зэрахьэлIэнкIи ирагъэлей хъунукъым. Я Iэпкъылъэпкъым сурэт тращIыхьынри къезэгъыркъым.

Iэсият игу къинэжащ Москва - Новосибирск и япэ рейсыр. Лъэтэным и пэ къихуэу инструкторым и упщIэхэм жэуап иримытыфынкIэ е, шынагъуэ къэхъумэ, цIыхухэр къызэрырагъэлыным теухуауэ зыгуэр щыгъупщэнкIэ, е шей пщтыр щIэлъэIуа цIыхухэм ар ятрикIэнкIэ хъуну къыщыхъуу гузавэрт. АрщхьэкIэ псори къехъулIащ. АпхуэдизкIэ а махуэм ешауэ унэм екIуэлIэжати, и пэшым зэрыщIыхьэжу Iурихри жеящ.

- Хамэ къэралхэм дыщылъатэкIэ махуищ-плIыкIэ зыдгъэпсэхуну къыщытхуихуэ щыIэщ. Апхуэдэхэм деж къыдогъэсэбэп къалэхэм я щIыпIэ дахэхэм зыщытплъыхьыну диIэ Iэмалыр. Шри-Ланкэ махуипщIкIэ сыщыIэну къысхуихуати, икIи зызгъэпсэхуащ, икIи къалэр зэзгъэцIыхуащ, - жеIэ Iэсият. - Псом хуэмыдэу Тыркур зыхэслъхьэ щымыIэу фIыуэ солъагъу, зи дахагъэм ситхьэкъуа Истамбыл къалэм сфIэфIу тызогъэзэж.

Iэсият и лэжьыгъэм шынагъуи къыщыхэхуэ къохъу. Псалъэм папщIэ, илъэс зытIукIэ узэIэбэкIыжмэ, дыгъэгъазэм и 30 - 31 махуэхэм Анталье - Самарэ рейсымкIэ здэлъатэм, я унафэщIым иридджэри къыжриIат кхъухьлъатэр щытIыскIэ мафIэсгъэункIыфIхэмрэ полицэм и лэжьакIуэхэмрэ къазэрыIущIэнур икIи къелъэIуащ мыгузэвэну, и лэжьэгъуми ар жриIэжыну. Гидросистемэм зыгуэр къыщыщIауэ арат. Пилотым и кабинэм къыщикIыжым, абы къигубзыгъыжащ цIыхухэм яжриIапхъэр. Зэримыгугъауэ ар шынатэкъым икIи гужьеятэкъым. Кхъухьлъатэр тIысыхукIэ зэгупсысар, хуей хъумэ, цIыхухэр къызэрыригъэлынырт. Ауэ никъусаныгъэншэу етIысэхащ.

Iэсият рейс къэс жыхуаIэм хуэдэу, цIыхухэм япэ медицинэ хуэIухуэщIэкIэ щадэIэпыкъу къохъу. Псом хуэмыдэу цIыху 400-м нэблагъэ щылъатэ рейсхэм (Египет, Тайланд) цIыхуитIщы зэуэ къыщызэIыхьэ ирохьэлIэ. Я лъыр дэуей-къеухыжу, я щхьэр узу е кIэрахъуэу мэхъу, уеблэмэ къэмэхи къахокI. Язынықъуэхэр лъэтэну мэшынэри трагъэужын хуей мэхъу. Лъэтэн и пэ фадэ ефа цIыхум и щытыкIэр лъагапIэм нэхъри къызэIегъэхьэ. ЖыпIэнурамэ, япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэкIэ къащыгугъхэр мащIэкъым, кхъухьлъатэм дохутыр исмэ, зыдагъэIэпыкъу.

Кхъухьлъатэм цIыхухэр икIыжа нэужь, абыхэм я хьэпшып къранарэ къэрамынарэ, къызэрырагъэл жилетхэр ирикъу-иримыкъум йоплъ. Къащыгъупща хьэпшыпхэр ятхри, авиакомпанием е супервайзерым ират. Жилетхэм я бжыгъэр иримыкъумэ, ятхри, унафэщIым хъыбар ирагъащIэ.

- Гуапэ сщохъу си лэжьыгъэ и лъэныкъуэкIэ цIыхухэр къысхуэарэзыуэ хъуэхъу къыщызжаIэкIэ. Псом хуэмыдэу хамэ къэралхэм кIуэ е къэкIуэж ди лъэпкъэгъухэм сызэрыадыгэр къыщащIэкIэ къызопсалъэ, сызрагъэцIыху. Апхуэдэ гулъытэ къызэрысхуащIыр гуапэщ, - жеIэ Iэсият.

Кхъухьлъатэм Iэсият къыщратынкIэ хъуну упщIэхэм, лъэIу гъэщIэгъуэнхэм есэжауэ жыпIэ хъунущ. Зыгуэр къелъэIуат багажым щыIэ и хьэр псы иригъэфэну. ЯпэщIыкIэ ар гушыIэу къыщыхъуами, лъэIуам и фIэщ дыдэт.

Илъэс 15-кIэ лэжьа стюардессэхэр, илъэс 45-рэ щрикъукIэ, пенсэм кIуэну хуитщ. Абы щхьэкIэ сыхьэт 4.800-кIэ лъэтауэ щытын хуейщ. Лэжьыгъэ гугъу зэрыпэрытырщ пенсэр щIэпасэр. Уафэгум зэпымыууэ зэритым къыхэкIыу, а IэщIагъэм пэрытхэм я тхьэкIумэхэм фIыуэ зэхамыхыж щыхъу щыIэщ. Жэщ-махуэ имыIэу зэрылажьэм, сыхьэт бжыгъэр щызэтемыхуэ къэрал куэдым щыIэну къазэрыхуихуэм я жейр зэщхьэщеху, гууз, лъы дэуей-къеухыр яIэ мэхъу. Бзылъхугъэхэм кхъухьлъатэм къыщрашэкI гу цIыкIум килограмми 100 - 140-рэ и хьэлъагъщ. Стюардессэхэр зэпымыууэ зэрыщытми лъакъуэ уз къыхах. Уафэгум итхэми лышхри яхуэлъэщ. Аращ зэпымыууэ я узыншагъэм, я шхыным кIэлъыплъыжын, спортым гулъытэ хуащIын щIыхуейр. Ауэ сыт хуэдэ гугъуехьми къигъэувыIэнукъым уафэр фIыуэ зылъэгъуар.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Фэеплъ

Республикэм къыщезгъэцIыхунут

Си анэшхуэм хузогъэфащэ

Бжьыхьэ кIасэм и дыгъэпсыр
Саугъэту къыкъуэплъащ.
ЩIым тепхъащи дыщэ нэпсыр,
Налкъут жьгъейуэ зэрощэщ.
ЦыIэрылъхьэу шейтIан Iупсым
Дурэш щэхум зыщешыхь.
ГуакIуэщ дыгъэр, фIэфIщи уи псэм,
Дыгъэр нобэ хъуащ пащтыхь.
Къэбзэжащи, мес, ди псышхуэр
Зэнзэныпсыр ирехьэх.
Мывэ хужьхэм загъэпскIащи,
ЩIыфэ джафэр ягъэмэх.
ЩыIэщ, сощIэ, кIагъэпшагъэ,
СощIэ, махуэм къыпытщ жэщ.
Нобэ щыIэкъым хьэрэмыгъэ,
Нобэ псори хъуащ зэкъуэш.

А псалъэхэрщ си анэшхуэ Къущхьэунэ Иринэ Балил и пхъум Къэбэрдей-Балъкъэрым и бжьыхьэр къызэригъэлъагъуэр. Ар 1943 гъэм КъБАССР-м, Тэрч районым хыхьэ Урожайнэ къуажэм къыщалъхуащ. Курыт школыр абы къыщиухащ, зауэ нэужь зэманым псэуа унагъуэшхуэм къыщыхъуащ.

Зэман гугъухэр зэи щыгъупщакъым, куэдрэ ахэр и бынхэми абыхэм я быныжхэми щапхъэу къахуихьу. ИтIани, зэман хьэлъэм зэрыхиубыдам щхьэкIэ къэмынэу, цIыхухэм я зэхуаку гуапагъ, ныбжьэгъугъэ, зэгурыIуэ зэрыдэлъар фIэфIу игу къигъэкIыжу щытащ. И унагъуэр, и Iыхьлыхэр, республикэр, Хэкур фIы дыдэу илъагъурт си анэшхуэм. Ар и сатырхэми къыхощ:

Уафэ лъабжьэм щIэпщIа щIылъэр
Дыгъэм бзийкIэ зэтрех.
Пщэдджыжьым, кIыщ и гъуаплъэу,
Дыщэ пхъуантэр зэтрех.
Къыр щхьэхужьхэр пшэм къыхелъхуэ.
Псыхэм я лъэр егъэхьей.
Сыту фIыщэ мамыр махуэр!
Си лъыр си пкъым къыщохьей.
Налкъут жьгъейхэр бзийм ещыпыр,
Танэ джабэр егъэгъущ.
Псэхэр IэфIу егъэтIэпIыр,
Гум хуабагъэ къыщоуш.
Дыгъэр къуршым кIэщIобзае,
И натIэхур ещIыр псыф.
Мы дунейр къысщохъур мае,
Сэ нэ хуиткIэ семыплъыф.
Дыгъэм наIуэ ещI берычэтыр,
Хьэмхэм самэр щыдокIуей.
Нэхъ дахэж ухъуххукIэ Хэкур,
Жьы сэ сохъури, сохъу пIейтей.

Унагъуэм зэрыщынэхъыжьым къыхэкIыу, Иринэ и анэкъилъху нэхъыщIэхэм я гъэсэныгъэр и пщэ къыдэхуащ. А Iуэхум ар къыхуигъэщIауэ пхужыIэнут. Школым щIэсыху усэ дахэхэр, сочиненэфIхэр итхыу щытащ. ИужькIэ унагъуэ ихьэу езым бын игъуэта нэужь, и къуищри цIыхуфIу, гумащIэу игъэсащ. Иринэ благъагъым сыт щыгъуи хуэсакъырт. Ар ди къэралым япэ иригъэщ Iуэхуу екIуэкIащ 2024 гъэм, езы илъэсри Унагъуэм и илъэсу щытащ.

Си анэшхуэр Тэрч дэт школ-интернатым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIэу щылэжьащ. 1979 гъэм Налшык къэIэпхъуэжри, а IэнатIэ дыдэр щрихьэкIащ гимназие №13-мрэ курыт школ №25-мрэ. Мис абы адыгэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа ЩоджэнцIыкIу Алий теухуауэ зэхилъхьа усэм щыщ пычыгъуэр:

Быным нэхъ гумащIэр
Анэм хуохъур фIыгъуэ.
Лъэпкъым и губзыгъэр
Хэкум хуохъур дыгъэ!
Щхьэ ежьат а дыгъэр
МафIэм ирикIуэну?!
Дэнэ плъат нэхъыжьхэр
Уафэм щIэгъэкъуэныр?!
Уихъумэн уэ лъапIэр
Щхьэ икIа лъэпкъ и пщэм,
Лъэпкъым ди дыгъэшхуэр
Щхьэ тхуэмынэхуарэ?

Си жагъуэ мэхъу си анэшхуэм и усэхэр цIыхухэм я нэхъыбэм зэрамыцIыхур, ар КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэми хэтакъым. Дунейм тетыху усэ тхыныр зэи зэпигъэуакъым абы, иужькIэ и Iэдакъэ къыщIэкIа псори зэхуихьэсыжри тхылъу къыдигъэкIыжащ. И усэ тхылъым «Бжьыхьэ» фIищауэ щытащ, арат гъэм и зэманхэм нэхъыфIу яхилъагъукIар. Усэ тхылъыр 2014 гъэм 200-м нэблагъэу къыдигъэкIауэ щытащ. Урысыбзэми адыгэбзэми хуригъаджэу зыIута IэнатIэм и гугъу пщIымэ, Иринэ абы илъэс 35-рэ иритащ. И еджакIуэхэм фIыуэ къалъагъуу, къыщIэупщIэ зэпыту, ягу къагъэкIыжын я куэду екIуэкIащ.

Сэ сызэрегупсысымкIэ, уэри уи усэхэри къэрал псом къыщамыцIыхуу щытми, мыхьэнэ зиIэр уи псалъэхэм уи псэр зэрыхэлъырщ, уэ езыр цIыху хуэдэ цIыхуу узэрыщытырщ, адрейхэм фIыуэ укъалъагъуу, пщIэ къыпхуащIу. Апхуэдэу щытащ си анэшхуэр, аращ и фэеплъыр кIуэдыну сыщIыхуэмейри, и усэхэм сытепсэлъыхьыныр игъуэу къыщIэслъытари.

КЪУЩХЬЭ Нэзар.

● ХъыбарыфIхэр

Алинэ и Антарктидэр

Антарктидэ жыжьэм къикIыу хъыбар гуапэ иджыблагъэ къытIэрыхьащ. Адыгэ пщащэ, Урысей Федерацэм и мызакъуэу дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа альпинисткэ хахуэ Пекъу Алинэ иджыри зы лъагапIэщIэ мы махуэхэм къищтащ. ЩIышылэм и 8-м, езыр къыщалъхуа махуэм, ар дэкIащ Антарктидэм и нэхъ лъагэ дыдэм - Винсон (метр 4892-рэ) къурш уэсылъэм.

«ЛЪАГАПIЭШХУЭТЭКЪЫМ, ауэ Антарктидэм щынэхъ гугъуур щIыIэ гущIэгъуншэрщ. А махуэм дунейр къыдэхъулIащ, дыгъэпст, къуршым и щхьэ дыдэм къыщытхузэIуихащ гур зытхьэкъу щIыпIэ дахэхэр», - жиIащ Алинэ.

ЩIы хъурейм и континентиблым я къурш нэхъ лъагэхэм я щыгум дэкIыным ехьэлIауэ щыIэ «ЛъагапIибл» программэм ипкъ иткIэщ Алинэ Антарктидэм зэрыкIуар. ИджыпстукIэ адыгэ бзылъхугъэм хузэфIэкIащ абыхэм ящыщу тхур къызэринэкIын, Винсонри яхэту, къыхуэнэжар Океанием щыIэ Джаемрэ Америкэ Ищхъэрэм и Денали къуршымрэщ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Пекъум Антарктидэм зыхуигъэхьэзырын щIидзащ 2024 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м.

«Сэ иджыпсту Чилим и Пуанта-Аренас къалэм сыщыIэщ. Къыспэщылъ гъуэгуанэм сыхуэхьэзырщ. Дыгъэгъазэм и 18-м Антарктидэм и Юнион Глетче щIыпIэм сылъэтэнущ. Абы зыщызгъэхьэзырынущ икIи дунейм и щытыкIэм Iэмал къыдитыху дыпэплъэнущ. ИужькIэ, 89-нэ градусым дылъэтэнущ (аращ зэреджэр ахэр къыщетIысэхыну щIыпIэм). АдэкIэ лыжэкIэ Полюс Ипщэм дыкIуэнущ. ИтIанэ Антарктидэм щынэхъ лъагэ дыдэ, Винсон къуршыр къыспэщылъщ. Ар си етхуанэ лъагапIэ хъунущ щIы хъурейм и континентиблым я къурш нэхъ лъагэхэм ящыщу», - яжриIащ Алинэ журналистхэм щежьэм щыгъуэ.

Алинэ и мурадхэр къехъулIэну, зыпэрыхьэ сыт хуэдэ Iуэхуми лъагапIэми нэсыну икIи и текIуэныгъэ дахэхэмкIэ, зэфIэкIхэмкIэ лъэпкъыр куэдрэ игъэгуфIэну дохъуэхъу.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Сакъыныгъэрщ нэхъыщхьэр

Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм фигу къегъэкIыж удз гъуам мафIэ едзыным гуауэ кърикIуэнкIэ зэрыхъунур.

2025 илъэсыр къызэрихьэрэ республикэм 15-рэ щагъэунКIыфIыжащ удз гъуа ежьужьхэр ису. МафIэсхэм я нэхъыбэр къохъу цIыхум и зэранкIэ. Хабзэм ебакъуэу ежьужь гъуар зыгъэсхэм административнэ жэуап ирагъэхьынущ.

Зыщывмыгъэгъупщэ удзхэкI гъуар зыс мафIэр псэупIэ унэхэмрэ ухуэныгъэхэмрэ, апхуэдэуи мэзылъэхэм нэсынкIэ зэрыхъунур. Абы мылъку хэщIыныгъэшхуэ къишэнкIэ, нэхъыщхьэращи, цIыху хэкIуэдэнкIэ мэхъу!

БАХЪСЭН Азэмэт.

Зи тхыдэр жыжьэ къыщежьэ арджэныр

● ТхылъыщIэ

Тхылъ къыдэгъэкIыныр гугъу зэрыхъуам къыхэкIыу, зи Iэдакъэ щIэкI дунейм къытезыгъэхьэнухэм Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр къагъэсэбэпын хуей мэхъу. Абыхэм ящыщ зыщ зи унэ библиотекэм папщIэ е саугъэту ятыну хуейуэ ар зыIэрызыгъэхьэну гупыж зыщIхэм абы и уасэр ипэ иту ирату къыдэкIыгъуэм Iэ зэрыщIадзыр. Апхуэдэу Iуэху зэхаублащ Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и сурэтыщI ГъукIэ Замудин «Адыгэ пIуаблэхэр-арджэнхэр» зыфIища и тхылъым щхьэкIэ.

ТХЫЛЪЫМ щызэхуэхьэсащ лъэпкъ щэнхабзэм и зы пкъыгъуэ хьэлэмэт арджэным ехьэлIа хъыбархэмрэ сурэтхэмрэ. Ар адыгэ щыпсэу щIыналъэхэм къыщацIыху IэпэIэсэр илъэс куэдкIэ зэлэжьа Iуэхушхуэрщ. Гъуазджэм и лъагапIэм нэс арджэнхэр фIы дыдэу зэрищIым и мызакъуэу, Замудин пасэрей арджэнхэм ящыщхэу къэнэжахэр, зи сурэтхэр архивхэм щIэлъхэр зыуэ зэхуихьэсыжри къэхутэныгъэ куу иригъэкIуэкIащ.

Тхылъыр къызэIуах Урысейм и этнографие музейм Кавказым, Азие Курытым, Къэзахъстаным щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэр джыным елэжь и къудамэм и лэжьакIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Дмитриев В. А., ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием Антропологиемрэ этнографиемкIэ и музей Пётр Езанэм и цIэр зезыхьэм (Кунсткамерэ) и лэжьакIуэ нэхъыщхьэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Царевэ Е. Г. сымэ я статьяхэмкIэ. Кавказым щыцIэрыIуэ арджэн лIэужьыгъуэхэм ирагъапщэурэ адыгэ пIуаблэм абыхэм уасэшхуэ хуагъэфэщащ. Евразием ис лъэпкъхэм я щэкI зэIущэ-алэрыбгъу щIыным и тхыдэр къэхутэнымкIэ мы тхылъыр сэбэпышхуэ зэрыхъунури нахуэ къащIащ.

Дуней псом щыцIэрыIуэ щIэныгъэрылажьэхэм я статьяхэм къакIэлъокIуэ ГъукIэ Замудин и къэхутэныгъэхэр. Абыхэм къаIуатэ арджэным и тхыдэр, и щIыкIэр, ар къызэрагъэсэбэпыр, тхыпхъэщIыпхъэу щызэIущахэр. Арджэн 600 хуэдиз, инми цIыкIуми, Замудин къыхигъэщащ. Абыхэм яхэтщ гъэпсыкIэ гъэщIэгъуэн зиIэ пIуаблитI, хьэуазэм къыхэщIыкIауэ, алэрыбгъухэм яхуэдэу. XIX лIэщIыгъуэм къыщегъэжьауэ иджырей зэманым къэс ящIауэ Адыгэ Республикэм и Лъэпкъ музейм щIэлъ арджэн 85-м, Урысейм и музей зэмылIэужьыгъуэхэр зыгъэдахэ 244-м, Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым, унагъуэхэм щахъумэ 88-м, абы нэмыщIауэ иджырей арджэныщIхэм я IэрыкIыу 132-м ехьэлIа къэхутэныгъэхэр къыщехьыр.

Художественнэ щэкI зэIущэным, алэрыбгъу щIыным, тхыпхъэхэм ятетхыхьа щIэныгъэлIхэм къыхаха екIуэлIэкIэхэр и тегъэщIапIэу, ГъукIэ Замудин адыгэ пIуаблэхэр я инагъым, я теплъэм, къызэрагъэсэбэпым, плъыфэхэу яIэм, къызыхэщIыкIам, тхыпхъэхэр зэрыхэщIыхьа щIыкIэм елъытауэ плIыуэ игуэшащ:

- цы щагъапцIэкIэ къагъэсэбэп пIуаблэхэр - шийхэр;
- арджэн инхэр;
- арджэн цIыкIухэр;
- зэмыфэгъу ящIа хьэуазэ пIуаблэ-алэрыбгъухэр.

А гуэшыкIэхэр лъабжьэ хуэхъуащ тхылъым ит щIэныгъэ каталогым. Ар тIууэ зэхэтщ: XIX - XX лIэщIыгъуэхэм пасэрей пIуаблащIэхэм я IэдакъэщIэкIхэмрэ иджырей лъэхъэнэм ящIахэмрэ. Каталогым хэхауэ арджэн къэс зыщIар, щащIа зэманыр, щIыпIэр, къызыхэщIыкIар, щIыкIэу иIэр, щахъума щIыпIэр, я хъыбархэр щIыгъуащ.

Тхылъым уасэшхуэ зиIэ тхыгъэ гуэдзэнхэр игъусэщ: сурэт-хъыбархэу Европэм, Урысейм щыщ цIыху еджагъэшхуэхэм къагъэнахэр, 1980 - 1985 гъэхэм ГъукIэ Замудин Адыгеймрэ Къэбэрдеймрэ ит къуажэхэр къикIухьурэ нэхъыжьхэм къаригъэIуэтэжахэр. Абыхэм къахищыпыкIа псалъэхэу арджэным ехьэлIахэр псалъалъэ щхьэхуэу зэхигъэуващ.

Тхыгъэ гуэдзэнхэм ящыщщ гъуазджэмкIэ щIэныгъэрылажьэ цIэрыIуэ Куф Аслъэн арджэным триухуар, «Художественные средства декоративного оформления адыгских циновок» зи фIэщыгъэр.

Пщэрылъ нэхъыщхьэу тхылъыр зытхам зыхуигъэувыжар арджэн лIэужьыгъуэу адыгэм яIахэм я сурэтхэр хъумэнырщ, зыпкъ игъэувэжынырщ, адыгэ IэщIагъэ хьэлэмэтым нобэрей ныбжьыщIэхэр къыхуэгъэушынырщ, илъэс куэдкIэ зыдэлэжьа къэхутэныгъэм кърикIуэжахэр дуней щIэныгъэм хэлъхьэнырщ.

Адыгэ лъэпкъ щэнхабзэр зыфIэгъэщIэгъуэн псоми тхылъыр щIэщыгъуэ, сэбэп зэрахуэхъунум шэч хэлъкъым.



Тхылъыр тыгъэ пщIыну уасэ иIэкъым, А4 жыпхъэм и инагъым хуэдиз мэхъу, и тебзэр быдэщ, дыщэпс щтапхъэ тегъэуащ, тхылъымпIэфIым къыхэщIыкIащ, лэжьыгъэр напэкIуэцI 580-рэ мэхъу, сурэту 750-рэ итщ.

2025 гъэм къыдэкIыну тхылъышхуэм сом 3500-рэ и уасэщ.

Ар къезыгъэхьыну хуейм и и цIэр, и унэцIэр, зыхуей тхылъ бжыгъэр, и телефоныр игъэнэIуапхъэщ 8-928-663-83-29 телефонымкIэ псалъэу е *guchevz@bk.ru* электрон пощтым иригъэхьу.

Газетеджэхэм гу лъывэдгъэтэну дыхуейщ тхылъым Iэ щIэдзыныр 2025 гъэм мазаем и 15-м зэриухым. КъыдэкIыгъуэр зыфIэгъэщIэгъуэнхэр фепIэщIэкI!

УпщIэ зиIэхэр ищхьэкIэ къэдгъэлъэгъуа телефонымкIэ фыпсалъэ хъунущ.

БЛИЙ Даянэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ**, **Къумахуэ Аслъэн**, **НэщIэпыджэ Замирэ**, **Чэрим Марианнэ**, **Щхьэщэмыщ Изэ**.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинм и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.359
Заказыр №35
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*, **Елмэс ФатIимэ** *(1, 3-нэ нап.)*.
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ**, **Щомахуэ Марианнэ**.
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ**.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.